КупщІэр гъэсэныгъэращ, щІалэгъуалэм я нэгу зегъэужьыныр - фащэщ

2-нэ нап.

Экономикэ Политикэ Махуэку Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Напи топи зиІэхэр

3-нэ нап.

ІэпэІэсагъэм зрагъэубгъу

4-нэ нап.

Іуащхьэмахуэ зи хъумакІуэ дахагъэ

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

№91 (24.997) ● 2026 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 30, махуэку ● ТхьэмахуэмщэкъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкІэ

ІэмалыщІэхэр къагъэсэбэп

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек промышленностым епха инфраструктурэм, энергетикэм, ухуэныгъэхэм, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм, щІыналъэм и гъуэгу-транспорт щытыкІэм щытепсэлъыхьа зэІущІэ иригъэкІуэкІащ.

«ЩІЫНАЛЪЭМ щекІуэкІ гъащІэр къыгуэхыпІэ имыІэу епхащ абы щылажьэ Іуэхущ Іапіэхэр, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм хыхьэ объектхэр, энергие зэбгрытыкІыпІэхэр тыншу зэлъэІэсу щытыным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым а къалэнхэр зэрыщагъэзащІэ Іэмалу къагъэсэбэп «Къалэ шынагъуэншэ» комплексыр. Абы къызэщІеубыдэ щІыхухэри инфраструктурэри зыхъумэ къулыкъущ Іапіэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ, псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм игъэзэщІапхъэ лэжьыгъэхэми яхуощхьэпэ.

Бжыгъэр зи тегъэщІапІэ, «Къалэ губзыгъэ» Іэмэпсымэм и Іыхьэхэри псэукІэм щІэгъэхуэбжьауэ хапщэ, абы и фІыгъэкІэ гъуэгухэм щекІуэкІыр видеокІэ уолъагъу».

КІуэкІуэ Казбек дэтхэнэ зы къудамэми унафэ хуищІащ Іуэхум псынщІэу зэрыбгъэдыхьапхъэ Іэмалхэм уалъэзыгъэІэс Іэмэпсымэхэм зыпащІэну.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэм къызэритамкІэ

Илъэс еханэ хъуауэ хохъуэ

Шыщхьэуіум и 1-м щегъэжьауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджет ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я улахуэм хэхъуэнущ. Абы къызэщІиубыдэнущ егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн, щэнхабзэ, спорт Іуэхущ Іапіэхэм, нэгъуэщІ ІэнатІэхэми пэрыт щІыху мин 40-м щІигъу.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и бюджетым къыхэкІыу проценти 10-кІэ улахуэм хэгъэхъуэныр иджы илъэс еханэ хъуауэ идогъэкІуэкІ. Иджыпсту щыІэ щытыкІэ гугъум а Іэмалым и фІыгъэкІэ цІыхухэм я хэхъуэр зэпІэзэрыту зэрыщыдгъэтыным дыхущІокъу. Ар щІытхузэфІэкІам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр республикэм иІэ хэхъуэр нэхъыбэ зэрыхъуарщ, экономикэм кІуэ пэтми зэрызиужьырщ, мэкъумэш хозяйствэр, промышленностыр, туризмэр, нэгъуэщІ унэтІыныгъэхэр зэрефІакІуэрщ», - жиІащ КІуэкІуэ Казбек.

Республикэм и Іэтащхьэм ар зи къалэнхэм пщэрылъ ящищІащ щІыналъэхэм, апхуэдэу унэтІыныгъэ псоми а Іуэхур зэрыщагъэзащІэм кІэлъыплъыну.

Гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу

Къэралым хыхьэ щІыналъэ псоми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ школхэм гъэ еджэгъуэщІэм зыхуагъэхьэзыр. Жылагъуэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхугъуэм теухуауэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щетх МАХ-м щиІэ напэкІуэцІым:

«ДИ республикэм и школхэм щокІуэкІ япэ классым щІэтІысхьэну сабийхэр къэщтэныр. А лэжьыгъэр фокІадэм и 5 пщІондэ екІуэкІынущ. Мы гъэм ди школхэм я япэ классхэм щІэтІысхьэнущ сабий мин 11-м нэс.

Гъэ еджэгъуэщІэр яублэным иджыри мазэм щІигъу иІэ пэтми, ди щІыналъэм и школхэм жыджэру щокІуэкІ а лъэхъэнэщІэм екІуу, хуэхьэзыру ирихьэлІэжьыным теухуа ухуэныгъэ-зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр: еджапІэхэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуагъазэ, абыхэм къедза щІыпІэхэри ягъэкъабзэ, зэпэщ ящІ.

А лэжьыгъэхэм къадэкІуэу гулъытэшхуэ зыгъуэтхэм ящыщщ еджакІуэхэр шхын пщтыркІэ къызэгъэпэщыныр. 2026 - 2027 гъэ еджэгъуэм къриубыдэу апхуэдэ гулъытэ ягъуэтынущ пэщІэдзэ классхэм я еджакІуэ мин 46-м щІигъум. Къинэмыщ Іауэ, школхэм пщтыру щагъэшхэнущ 5 - 11-нэ классхэм щеджэ ныбжьыщІэхэу льготэ хэха зиІэхэри. Апхуэдэхэм я бжыгъэр мин 8-м щІегъу.

Гулъытэ хэха зыгъуэт Іуэхугъуэхэм хохьэ еджакІуэ цІыкІухэр тхылърэ нэгъуэщІ зэреджэн пособиекІэ къызэгъэпэщынри. 2026 гъэм ди республикэм и школхэм папщІэ къэтщэхуащ зэреджэ тхылъу мин 340-м щІигъу. Тхылъхэр школ библиотекэхэм яІэрыхьэнущ дызэрыт мазэр имыкІ щІыкІэ. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди школакІуэхэр мы гъэм зэрыщыту къызэгъэпэща хъунущ зыхуеину тхылърэ пособие зэмылІэужьыгъуэкІэ.

НэгъуэщІ зы Іуэхугъуи щыІэщ ди нэІэр тедмыгъэкІыу. Ар школ автобусхэращ. Мы зэманым школхэм яІэщ автобусу 245-рэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри зэпэщщ, ГЛОНАСС-ми пыщІащ. Школ автобусхэр зэрыдиІэм и фІыгъэкІэ ныбжьыщІэ мини 10-м щІигъуу еджапІэхэм пэжыжьэу псэухэм Іэмалыфі къахукъуэкІащ и чэзум, тыншу икІи шынагъуэншэу дерсхэм нэсыну. Апхуэдэ транспорту иджыри 25-рэ зэдгъэпэщынущ зэман благъэм».

● Егъэджэныгъэ

НэхъыфІхэр утыкушхуэм ираджэ

Хабзэ хъуауэ, ди къэралым илъэс зыбжанэ лъандэрэ щокІуэкІ Анэдэлъхубзэхэр, урысыбзэри яхэту, езыгъэджхэм я зэфІэкІыр щагъэлъагъуэ урысейпсо зэпеуэ. Ар къызэрагъэпэщ икІи ирагъэкІуэкІ УФ-м Егъэджэныгъэмкіэ и министерствэм, УФ-м Лъэпкъ Іуэхухэмкіэ и федеральнэ агентствэм, Егъэджакіуэхэм я щІэныгъэм щыхагъахъуэ урысейпсо академием, «Про100 Медиа» тхылъ тедзапІэм. Зэхьэзэхуэм и щІыпІэ, щІыналъэ Іыхьэхэр мы илъэсым и пэщІэдзэхэм екІуэкІащ. Къыхэжаныкіа егъэджакІуэ Іэзэхэр фокІадэ мазэм щызэхуэзэнущ зэпеуэм и иужьрей Іыхьэу Липецк къалэм щекІуэкІынум. Ди гуапэ зэрыхъущи, абы хэтыну пщІэ зыгъуэтахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и егъэджакІуэхэри.

ФОКІАДЭМ и 7 - 11-хэм мы гъэм етхуанэу екІуэкІыну зэпеуэм хэтынущ анэдэлъхубзэр лъэпкъ щэнхабзэм и лъабжьэу, унагъуэм щахъумэ лъапІэныгъэу, щІэблэхэм къахуэгъэнапхъэ фІыгъуэ мылъытэу къэзыбжу я анэбзэр ныбжьыщІэхэм ІэкІуэлъакІуэу езыгъэдж Іэщ Іагъэлу 130-м щІигъу. Ахэр Липецк щызэхуэсынущ, къэралышхуэм и щІыналъэ 87-м къикІыу.

Ди республикэм щыщу къэралпсо зэхьэзэхуэм и иужьрей Іыхьэм хэтыну ирагъэблэгъащ Прохладнэ районым хыхьэ Къэрэгъэш къуажэм Башорэ Хьэмид ТІалиб и къуэм и цІэр зэрихьэу дэт курыт школ №-1-м и сабий садым и гъэсакІуэ Хъарзынэ Маринэрэ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм хиубыдэ Іуащхьэмахуэ жылэм дэт курыт школым балъкъэрыбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж Абдуллаевэ Мадинэрэ. Анэдэлъхубзэр щІэблэм яІурылъу къэгъэтэджынымкІэ зэфІэкІ лъагэ зыбгъэдэлъ а унэтІакІуэхэр фІыхэм я фІыжу къыщалъытащ къэралпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэхэм, щхьэж и унэтІыныгъэ елъытауэ. Хъарзынэ Маринэ щытекІуащ «Школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмыса сабийхэм я анэдэлъхубзэм зегъэужьынымкІэ Іэмалхэр» унэтІыныгъэм. Абдуллаевэ Мадинэ анэдэлъхубзэр курыт школым щезыгъэджхэм я нэхъыфІу къалъытащ.

Анэдэлъхубзэхэр, урысыбзэри яхэту, езыгъэджхэм я зэфІэкІыр щагъэлъагъуэ урысейпсо зэпеуэу Хъарзынэмрэ Абдуллаевэмрэ зыхэтынум абыхэм ящыщ пэщылъщ я дерсхэм нэхъыбэу къыщагъэсэбэп лэжьэкІэ мардэхэр, гъэсэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкІэ ябгъэдэлъ Іэзагъымрэ ІэкІуэлъакІуагъымрэ щыхьэт техъуэ Іэмалхэр щІыгъужу, утыкушхуэм хэІущІыІу щащІыну, дерс зэІухахэмрэ мастер-классхэмрэ щатыну, ябгъэдэлъ Іэзагъымкіэ, Іуэху зехьэкІэ пэрытымкІэ адрейхэм ядэгуэшэну. А лэжьыгъэ псори ди лъахэгъу егъэджакІуэхэм фІыщІэрэ щытхъурэ пылъу зэрызэфІахынум шэч хэлъкъым.

Ди анэдэлъхубзэм, лъэпкъым я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІ а егъэджакІуэ Іэзэхэр зыхэтыну зэпеуэхэр яублэнущ фокІадэм и 8-м, Урысей Федерацэм щыпсэу лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэм и махуэм. Къэралпсо зэхьэзэхуэм щытекІуахэм я цІэхэр къыщрагъэнур фокІадэм и 11-ращ.

Адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэм я зыужьыныгъэм хуэгъэпса лэжьыгъэ купщІафІэ зэфІэзых Хъарзынэ Марини Абдуллаевэ Мадини фІыщІэ ин яхуэфащэщ апхуэдэ лъагапІэм нэзыхьэса щІэныгъэрэ зэфІэкІрэ зэрабгъэдэлъым папщІэ. Хэкупсэ нэс бзылъхугъэ цІыкІухэм дохъуэхъу къэралпсо зэпеуэм утыкушхуэм ехьулІэныгъэ яІэу итыну, текІуэныгъэфІхэр зыІэрагъэхьауэ, мурадыщІэхэмрэ жэрдэмыщІэхэмрэ я куэду ди республикэм къагъэзэжыну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Дызэкъуэту

Хэкум сэбэпынагъ къыхуахь

«Хэкум и хъумакІуэхэр» къэралпсо фондым дапщэщи лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ дзэ Іуэху хэхам хэт зауэлІхэм, ветеранхэм, абыхэм я унагъуэхэм исхэм лъныкъуэ куэдкІэ защІэгъэкъуэнымкІэ. Фондым щызэфІах лэжьыгъэ купщІафІэхэм ящыщщ СВО-м и ветеранхэу дзэ къулыкъум къыпэрыкІыжахэр, фронтым къыІукІыжахэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыныр, абыхэм ІэщІагъэщІэхэр егъэгъуэтыныр, хьэрычэтыщІэ Іуэхум дихьэххэм а унэтІыныгъэмкІэ сэбэп яхуэхъуным, чэнджэщ щхьэпэхэр етыным ехьэлІахэр.

УФ-м зыхъумэжныгъэмкІэ и министрым и къуэдзэ, «Хэкум и хъумакІуэхэр» къэралпсо фондым и унафэщІ Цивилёвэ Аннэ зэрыжиІэмкІэ, дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэр мамыр гъащІэм лъэпощхьэпоуншэу хэгъэзэгъэжыныр ІэнатІэм гулъытэшхуэ зыхуищІ лэжьыгъэхэм ящыщщ. «СВО-м и ветеранхэр цІыху хэтыкІэ зыщІэ, гъащІэм и лъапІагъыр зыхэзыщІэ, хабзэрэ жэуаплыныгъэ ткІийрэ зыхэлъ, Хэкум сэбэпынагъ къыхуэзыхьыну хьэзыр цІыхухэщ, - жеІэ абы. - А псори ди тегъэщІапІэу дэ ди къалэнщ апхуэдэ хэкупсэ нэсхэм сыт хуэдэ лъэныкъуэкІи дадэІэпыкъуну, ахэр лэжьыгъэ ІэнатІэкІэ къызэдгъэпэщыну, хуей хъумэ, ІэщІагъэщІэ едгъэгъуэтыну. Апхуэдэ щІыкІэм тету ветеранхэм, зэресам хуэдэу, пащэнущ Хэкум къулыкъу пэж хуащІэным».

А мурадхэр и тегъэщІапІэу «Хэкум и хъумакІуэхэр» фондым мы зэманым зэгурыІуэныгъэ мин бжыгъэхэр ярищІылІащ ди къэралым и Іуэхущ Іапіэ лъэрызехьэхэм, къэрал корпорацэхэри яхэту. Дызэрыт илъэсым и пэщІэдзэм къыщыщІэдзауэ дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэм хуитныгъэ яІэщ социальнэ зэгурыІуэныгъэр и лъабжьэу уней Іуэхущ Іапіэхэр къызэІуахыну. Къэралпсо фондым щІыналъэхэм щиІэ къудамэхэм яІэрыхьакІэщ апхуэдэ лъэІухэр зэрыт дэфтэр минищым щІигъу. Мы гъэм илъэс етІуанэ мэхъури, «Урысеймэкъумэшбанкымрэ» УФ-м Мэкъумэшымкіэ и министерствэмрэ ягъэзащІэ «Фермерым и еджапІэ» егъэджэныгъэ пэхуэщІэр. А проектым хэтхэм мэкъумэшым епха щІэныгъэхэр зрагъэгъуэт, а ІэнатІэм хьэрычэт Іуэху щаублэну я мураду.

«Хэкум и хъумакІуэхэр» къэралпсо фондым Къэбэрдей-Балъкъэрым щиІэ къудамэм (унафэщІыр Дадэ МуІэедщ) лэжьыгъэ купщІафІэ щызэфІах дзэ Іуэху хэхам и ветеран ди лъахэгъуэхэр мамыр гъащІэм тыншу хэгъэзэгъэжа хъунымкІэ. А Іуэхугъуэхэмкіэ къудамэр шэщІауэ долажьэ «Урысейм и лэжьапІэ ІэнатІэхэр» центрым. Абы къит хъыбархэм ятеухуауэ фондым и ІэщІагъэлІхэм ветеранхэм хуагъэлъагъуэ лэжьыгъэрэ ІэщІагъэу къэралыр, абы хыхьэ щІыналъэхэр зыхуэныкъуэхэм ящыщхэр. Фронтым къыІукІыжу мамыр гъащІэм къыхыхьэжахэм апхуэдэ Іуэху зехьэкІэр сэбэпышхуэ яхуохъу лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэща хъунымкІэ, унагъуэр зэрапІын сом къалэжьынымкІэ, ягурэ я щхьэрэ зэтелъу къэкІуэнум хуэплъэнымкІэ.

Къинэмыщ Іауэ, фондым и щІыналъэ къудамэм щІэх-щІэхыурэ къыщызэрагъэпэщ «ІэщІагъэхэм я жармыкІэ». Абыхэм жыджэру ирашалІэ СВО-м и ветеранхэр икІи лэжьыгъэ ІэнатІэ зэмылІэужьыгъуэхэр хуагъэлъагъуэ. Иужьрей жармыкІэхэм екІуэлІа ветерани 100-м щІигъум ящыщу 40-м нэсыр лэжьыгъэкІэ къызэгъэпэща хъуащ а щІыкІэм тету. Дэзыхьэха ІэщІагъэхэм елъытауэ а цІыхухэм папщІэ еплІанэрейуэ къызэрагъэпэщ щІэныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр зрагъэгъуэтынымкІэ курсхэр. Нэхъапэ Іуэкіэ апхуэдэ Іэмалыр къагъэсэбэпакІэщ цІыху 50-м нэсым. Мы зэманым ветеранхэм папщІэ щыІэщ хадэ гъэкІыным, Іэщ зехуэным епха курсхэр. Ахэр ауэ егъэджэныгъэ курс къудейкъым - ахэр ехъулІэныгъэкІэ къэзыух ветеранхэр лъэ быдэкІэ хоувэф лъэпкъ экономикэм и унэтІыныгъэ зэмылІэужьыгъуэхэм.

СВО-м и ветеранхэм драгъэкІуэкІ апхуэдэ лэжьыгъэхэм ящыщ дэтхэнэми и мурад нэхъыщхьэр Хэкум и хъумакІуэ нэсу зауэ ІэнатІэм Іута хэкупсэхэм я зэфІэкІхэр иджы мамыр гъащІэм къыщызыкъуахынырщ, лъэпощхьэпо хэмылъу ахэр жылагъуэм хэгъэзэгъэжынырщ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8 (8662) 40-89-70**, **40-34-32**.

Ди къуэш республикэхэм

Жылагъуэм хагъэзэгъэж

АДЫГЕЙ. **«Адыгэ хасэ - Шэрджэс парламент» жылагъуэ Іуэхущ Іапіэм щекІуэкІащ Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэм хуэгъэпса стІол хъурей.**

ЗЭІУЩІЭМ къекІуэлІащ ІэнатІэ хэхахэм, щІыналъэм къэрал унафэр щызехьэным епха Іуэхущ Іапіэхэм я лІыкІуэхэр, апхуэдэуи хэкум къэзыгъэзэжахэр.

Псалъэмакъым и купщІэ нэхъыщхьэ я адэжь хэкур, сыт щыгъуи щыпсэуну Адыгейр къыхэзыхахэр жылагъуэм хэгъэзэгъэжыныр.

Къинэмыщ Іауэ, къызэхуэсахэм къалэщ къэІэпхъуэжахэр зыІуэ лъэпощхьэпохэм пэлъэщынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэр - ахэр зытепсэлъыхьхэм я нэхъыщхьэт, - къат Адыгэ Республикэм Лъэпкъхэм я Іуэхухэмкіэ, ди хэкуэгъуэхэм запыщІэнымкІэ и комитетымрэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэмрэ.

Мин 27-м нэблагъэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм щыпсэухэм ящыщу зи ныбжь хэкІуэта цІыху мин 27-м нэблагъэ хэтщ 2026 гъэм и «ГъащІэ кІыхь икІи жыджэр» Іуэхухэм, - кърилъхьащ КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид МАХ-м щиІэ каналым.**

- НЭХЪЫЖЬХЭМ ди нэІэ ятетыныр Къэрэшей-Шэрджэсым и социальнэ политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм язщ. Нобэ республикэм Іуэхуфі куэд щызэфІах ди нэхъыжьхэр нэхъыбэрэ узыншэным, социальнэ жыджэрагъ яхэлъу гъащІэр ирахьэкІыным хуэгъэзауэ. Лэжьыгъэр идогъэкІуэкІ Урысейм и Президентым и унафэкІэ, «Урысей зэкъуэт» партым диІыгъыу зэхагъэува «Унагъуэ» лъэпкъ проектым кърриубыдэу, - къыхигъэщащ Темрезов Рашид.

Республикэм ныбжьышхуэ зиІэу щыпсэухэм социальнэ Іуэхутхьэбзэхэр унэм щыхуащІэ, ахэр хэтщ яфІэгъэщІэгъуэн клубхэм я лэжьыгъэм, социальнэ таксим и Іуэхутхьэбзэхэр къагъэсэбэп.

Къищынэмыщ Іауэ, цІыху мин 25-м нэблагъэ физкультурэмрэ спортымрэ хэтщ. Абыхэм папщІэ зыплъыхьакІуэхэр, я узыншагъэр егъэфІэкІуэным пыщІахэр къызэрагъэпэщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ИнтернеткІэ Іэ тевдзэ

«Адыгэ псалъэм» иджы унэм фыщІэсуи Іэ тевдзэ хъунущ. Абы папщІэ фи телефонхэм я камерэр мы QR-кодым тевгъапсэу абы къыфхуигъэлъагъуэ ссылкэм фрикІуэн хуейуэ аращ.

● ДифI догъэлъапIэ

Зи Iулыджыр лъагэ

Адыгэ бзэхабзэхэр джыным, къэхутэным, зэфIэгъэувэжыным, зегъэужьыным, егъэфIэкIуэным илъэс 60-м щIигъуауэ емызэшыжу толажьэ филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Адыгей къэрал университетым бзэщIэныгъэ зэдайхэмкIэ и кафедрэм и профессор, УФ-м цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыныкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и академик АБРЭДЖ Ачердан Нухь и къуэр. Адыгэбзэр здынэса лъагапIэр дэзыщIеяхэм ящыщ еджагъэшхуэм зылI къилэжьын и Iэдакъэ къыщIэкIами, и Iэр зэтедзауэ тIысыжакъым. Ноби ар гуащIафIэу адыгэ лъэпкъым хуолажьэ, фонетикэм, лексикэм, семантикэм, псалъэ къэхъукIэхэм, ономастикэм, этимологием, лексикографием ехьэлIа щIэныгъэ-къэхутэныгъэ купщIафIэхэр и къалэмыпэм къыщIэкIыу. Iулыдж лъагэ зыбгъэдэлъ адыгэ щIэныгъэлIым и ныбжьыр иджыблагъэ илъэс 85-рэ ирикъуащ. Еджагъэшхуэм и гъащIэ купщIафIэмрэ щIэныгъэ лэжьыгъэ къызэрымыкIуэхэмрэ теухуащ филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м и доцент УНЭЛIОКЪУЭ Вячеслав и тхыгъэр.

«АДЫГЭ Республикэм щыIэ Хьэтэжьыкъуей жылэм 1941 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м къыщалъхуащ Абрэдж Арчедан. Абы и анэ Астрэхъан пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ-гъэсакIуэу школым щылэжьащ, и адэ Нухьи къулыкъущIэу IэнатIэ куэдым (парторгыу, колхозым и тхьэмадэу, райпо унафэщIу, хьэмтету) пэрытащ, а къалэн мытыншхэм хъарзынэу ехъулIэу, ущIыщытхъун Iуэху щхьэпэхэр илэжь зэпыту. Апхуэдэ нэхъыжьыфIхэр зэрыс адыгэ унагъуэм къихъуа щIалэми, иджыри школакIуэу щIэныгъэ гъуэгур плъапIэ хуэхъуат, Тбилиси дэт къэрал университетым щIэс и Іыхьлы дыдэ Аулъэ К. ещхьу абы щеджэну и нэ къикIырт. «Хъуапсэ и псэ кIуэдыркъым», жаIакъэ. Ачердан 1958 гъэм школыр дыжьын медалкIэ къиухри, зыхуэпабгъэ университетым кавказыбзэхэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ. Куржы щIыналъэм щыIэ а университетым адыгэ бзэщIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа, зи цIэр лъэпкъ тхыдэм дыщэпс хьэрф пIащэкIэ хэзытха ди нэхъыжьыфIхэу КIэрашэ Зейнэб, Щэрдан Іэбу, КIуащ Тамарэ, Къумахуэ Мухьэдин, ЗекIуэгъу Увжькъуэ, Шагъыр Іэмин, Гъыш Нухь, Тау Хьэзешэ, нэгъуэщI куэдми зыщауэзэщIат. Абыхэм куэдрэ жаIэжу зэхэсхащ Куржы лъахэм щагъэкIуа илъэсхэр я гъащIэ гъуэгуанэм щыщу нэхъ лъапIэ дыдэхэм зэрыхабжэр, унэтIакIуэу абыхэм яIа Чикобавэ Арнольд, Рогавэ Георгий, Ломтатидзе Кетаван, нэгъуэщIхэри сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн къахуэхъуу, адэ-анэ пэлъытэу къазэрыщхьэщытар. Куржы щIыналъэмрэ абы и университет нэхъ лъэщ дыдэмрэ Абрэдж Ачердан и дежкIи махуэ хъуащ, филологиемкIэ щIэныгъэ куу къыщIихащ, гъэсэныгъэ лъагэ щигъуэтащ. Ар диплом плъыжькIи 1963 гъэм къиухри и къэухьым адэкIи хигъэхъуэну, бзэщIэныгъэлI хъуну щIэхъуэпс филолог щIалэщIэр ЩIэныгъэхэмкIэ Куржы академием бзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым хэт аспирантурэм щIэтIысхьэжащ. Ари фIы дыдэу къиухри, 1971 гъэм «ЩыIэщIэ зэхэлъхэр адыгеибзэм къызэрыщыгъэлъэгъуар» кандидат диссертацэр екъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ, Рогавэ Георгий и щIэныгъэ унафэщIу.

АдэкIэ Ачердан адыгэ къэкIыгъэцIэхэм я къэхъукIэмрэ этимологиемрэ елэжьын щIидзащ. Абы зэхигъэкIащ езы адыгэбзэм къигъэщIыжа къэкIыгъэ фIэщыгъэхэмрэ нэгъуэщIыбзэхэм ящыщу къищтахэмрэ. Апхуэдэу къихутащ къэкIыгъэцIэхэм ди бзэм щагъуэта фонетикэ, лексикэ, семантикэ щхьэхуэныгъэхэр икIи къэбзердеибзэмрэ адыгеибзэмрэ зэтемыхуэу къыщагъэсэбэп терминхэр, ахэр къэзыша щхьэусыгъуэхэр игъэбелджылащ. А къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу 2000 гъэм «Названия растений в адыгейском языке: синхронно-диахронный анализ» фIэщыгъэр зиIэ доктор диссертацэр Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием бзэщIэныгъэхэмкIэ и институтым щыпхигъэкIащ.

Абрэдж Ачердан и гъащIэ гъуэгуанэм къриубыдэу Іуэху дахэ куэд зэфIихащ, ассистенту къыщIидзэри профессорым нэсащ, илъэс 60-кIэ студентхэр, апирантхэр иригъаджэу, игъасэу, иунэтIу Адыгей къэрал университетым щылэжьащ, бзэщIэныгъэ зэдайхэмкIэ кафедрэм илъэси 10-кIэ и унафэщIу, кандидат, доктор диссертацэхэр щыпхагъэкI еджагъэшхуэ хасэм (советым) илъэс 20-кIэ и хасэ щIэныгъэлIу (ученэ секретару) щытащ. Ачердан и унафэм щIэту аспирант 14-м я кандидат диссертацэхэр пхагъэкIащ. А псоми къадэкIуэу абы итха щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я бжыгъэр 200-м щIегъу. А щIэныгъэ тхыгъэхэм къызэщIаубыдэ иджырей бзэщIэныгъэм и унэтIыныгъэ псори. ПщIэ хэха хуэфащэщ авторэгъу иIэми, тхылъ щхуэхуэу къыдигъэкIа, бзэщIэныгъэлIхэм мыхьэнэшхуэ зиIэу къалъыта мыпхуэдэ монографиехэм: «Русско-адыгейский словарь физиологических терминов», «В мире имен собственных», «Наши имена», «Комплексный этико-культурологический словарь русского языка», «Словарь-справочник личных имен», «Словарь русской лингвистической терминологии», нэгъуэщIхэри. Ачердан и тхылъхэм, статьяхэм хэлъ купщIэ нэхъыщхьэр зыхуэгъэпсар абхъаз-адыгэ бзэ гупым я закъуэкъым, абы и къэхутэныгъэхэр урысыбзэми нэгъуэщI хамэбзэ куэдми хэлъхьэныгъэфI яхуэхъуащ. Абы и ІэрыкI тхыгъэхэм хьэрып, перс (иран), тырку, куржы, осетин, урыс, нэмыцэ, инджылыз, китай бзэхэм къыщагъэсэбэп псалъэ куэдым я къэхъукIэхэр щызэпкърихащ, я морфемэ зэхэтыкIэхэр къихутэурэ бзэ зэмылъапсэгъухэм я деж щилъагъу щхьэхуэныгъэхэр бзэщIэныгъэ лъабжьэ яIэу щызэригъэпщащ. Бзэ зэмылъапсэгъухэм къыщыкIуэ псалъэхэм я фономорфологиер, я идеосемантикэ зэхэлъыкIэр, я когнитивнэ къэгъэсэбэпыкIэр, бзэщэнхабзэ (лингвокультурологие) типологие зэщхьныгъэхэмрэ щхьэхуэныгъэ яIэхэмрэ кууую щызэпкъриха мыпхуэдэ щIэныгъэ-къэхуэтэныгъэхэри и къалэмыпэм къыщIэкIащ: «Названия различных видов перчаток в русском и абазо-адыгских языках: словообразовательно-этимологический аспект», «Народные названия болезней в русском и адыгейском языках: сравнительно-сопоставительный аспект», «Об особенностях концепта «сердце / хIп» в русском и китайском этнолингвокультурах», «Концептуальные формы мысли лингвокультурного мира», «Народные названия болезней в русском и адыгейском языках: сравнительно-сопоставительный аспект», «Англоязычная фитотопонимия как отражение национальной культуры США», «Научные и народные названия растений в английском, немецком, русском и адыгейском языках», нэгъуэщIхэри. Ачердан адыгэ бзэщIэныгъэлIщ, ауэ абы и щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм къызэщIаубыдэ хамэбзэхэм я бжыгъэр 15-м нос. Абыхэм къагъэлъагъуэ Ачердан бзэщIэныгъэлI гъуэзэджэу зэрыщытыр, филологие гъуэгум ар гъуэщащэ зэрытемыхьар, бзэхэр фIыуэ илъагъу къудей мыхъуу, къыдалъхуауэ и лъым зэрыхэтыр. Абы европеибзэхэм я зэхэлъыкIэр, я псалъэ къэхъукIэхэм яIэ щхьэхуэныгъэхэр кууую зэрищIэри щхьэпэ къыхуохъу щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр щигъэпскIэ. Шэч хэмылъу, абы и фIыщIэ хэлъщ Лейпциг (Германие) къалэм дэт, Кларэ Цеткин и цIэр зезехьэ ЕджапIэ нэхъыщхьэм и доценту, иджырей урысыбзэмрэ урысыбзэм и тхыдэмрэ

щригъаджэу 1986 - 1991 гъэхэм зэрыщылэжьар. А лъэхъэнэм абы илъэгъуа, зэхиха, иригъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэхэм къыхиха дерсырщ и къэхутэныгъэхэм я мыхьэнэр къэзыIэтыр, бзэщIэныгъэм и гъунапкъэхэр зэрызэщхьэщигъэкIыр, дунейпсо филологием ягъуэта зыужьыныгъэм щызыгъэгъуэзар, акъылымрэ щIэныгъэмрэ щызэрыубыда бзэщIэныгъэм къигъэув гупсысэ къэIуэтэкIэ-къэгъэщIыкIэ Іэмалыбэм и гъуэгу бгъуфIэм тезышари.

Абрэджым и Іэдакъэщ Іэкіхэм къыщыхьа гупсысэхэр щIэщыгъуэщ, зытепсэлъыхь Іуэхугъуэхэр хьэлэмэтщ, тегъэщIапIэ-шэсыпIэу и къэхутэныгъэ тхыгъэхэм щIэщигъэлъагъуэхэр нахуэщ, бзэ зэмылъапсэгъу зыбжанэм къыхиха щапхъэ Іупщ Іхэмкіэ щIэгъэбыдэжащ. Псом хуэмыдэу удэзыхьэхщ псалъэ щхьэхуэхэм я этимологием ехьэлIауэ Ачердан щIэныгъэ журнал зэхуэмыдэхэм къытрыригъэдза къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр. Абыхэм ущеджэкIэ умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым игъащIэкIэ уи гум къэмыкIын, уи щхьэм къимытIэсэн гупсысэ налъэ кIыхь телъыджэхэмкIэ гъэнщIа бзэ лъахэ гуэрым узэрыпхришыр, нэхъ кууэ ухыхьэхукIи иджыри къэс узыщымыгъуазэу щыта псалъэ пкъыгъуэ щхьэхуэхэм я къэхъупIэкъежьапIэм и Іункіыбзэіухыр къыщыбгъэтыфу.

И ныбжьыр хэкIуэтами, Іуэхуншэу абы зы махуи (уеблэмэ жэщ куэдхэри къыдэкIуэу) игъакIуэркъым. Япхэми ещхьу, ар жыджэру матхэ, бзэщIэныгъэм екъулIэныгъэфIхэр хилъхьэу, емызэшыжу лъэпкъым хуолажьэ, и къэхутэныгъэхэр ВАК-м, университетым, щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым къыдигъэкI щIэныгъэ журналхэм къытрегъадзэ, дунейпсо, урысейпсо щIэнIуатэхэм доклад щещI, бзэр хъумэным, зегъэужьыным, егъэфIэкIуэным, ар егъэджыным екъолIа семинархэм хэтщ, телевиденэ, радио нэтынхэм къыщопсалъэ, аспирантхэм, докторантхэм, егъэджакIуэхэм, магистрантхэм, къэхутакIуэ ныбжьыщIэхэм я упщIэжэгъущ, монографиехэм, пособиехэм, псалъалъэхэм, тхылъ щхьэхуэхэм, статьяхэм рецензэ купщIафIэхэр яхуетх, кандидат, доктор диссертацэхэм я оппонентщ, авторефератхэм отзыв яхуетх.

Абрэдж Ачердан Нухь и къуэм къикIуа гъащIэ гъуэгуанэр ІуэхуэгъуэфхэмкIэ гъэнщIащ, къикIуа илъэсхэм хуэфащэн екъулIэныгъи зыIэригъэхьащ, цIыху куэдми яхуэщхьэпащ, бгъэдэлъ щIэныгъэ лъагэр иригъаджэхэм яриту къэгъуэгурыкIуащ, и цIыхуфIагъымрэ и щабагъэмрэ къэзыухъуреихьхэм яхуигуэшу, езыр Іэсэрэ цIыкIуми инми яхуэбзэIэфIу и дуней Іыхьэ тетыжщ. Ар сыт щыгъуи хьэзырщ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэ псоми я деж япэ нэсу защIигъэкъуэну, гуфIэгъуэри гузэвэгъуэри ядигуэшыну, цIыхум яхуищIэри дахэу яжриIэри фIэмащIэу мэпсэу. Ар псэ дахэ, гу щабэ, акъыл жан, гупсысэ куу, щIэныгъэ лъагэ зиIэ цIыхущ, и нэгур зэлъыIухарэ нэфIэгуфIэу псоми ябгъэдэтщ. Іулыдж лъагэ зиIэ бзэщIэныгъэлIым, егъэджакIуэ щыпкъэм, адыгэлI нэсым, нэхъыжь Іумахуэм, ныбжьэгъу пэжым ди гуапэу дохъуэхъу узыншагъэ быдэу иIэу ди япэ итыну, щIэныгъэ-къэхутэныгъэщIэхэр игъэпсыфу адыгэ лъэпкъым иджыри тхуэлажьэу куэдрэпсэуну».

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛАСЭ Маритэщ.

ДЗЭГЪАЩТЭ Азэмэт:

КупщIэр гъэсэныгъэращ, щIалэгъуалэм я нэгу зегъэужьыныр - фащэщ

Ди республикэм ис щIалэгъуалэм гулъытэ яIэщ. Я хъуэпсапIэхэр къайхъулIэн, я мурадхэм лъэIэсын папщIэ къэралыр зыхуекIуэ Іэмалхэр ди щIыналъэм гъэзэщIа щохъу. Иужьрей зэманым ныбжьыщIэхэр зыхэт Іуэхухэр махуэ къэс зэрекIуэкIри долъагъу. А псом я къызэгъэпэщыкIэм, ди щIалэгъуалэр зыхуэдэм, щIэблэр гъэсэным пыщIа гугъуехьхэм теухуауэ депсэлъащ ЩIалэгъуалэм я унэм и унафэщI Дзэгъащтэ Азэмэт.

- ЩIалэгъуалэм я унэм щывлэжьхэм я гугъу къытхуэщIыт, Азэмэт.

- Мыбы «ЩIалэгъуалэм я унэ» зэрыфIащрэ Іуэхугъуэ куэд дыдэ щекIуэкIащ. ЩIалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ министерствэр республикэм щхьэхуэу къызэрыщыунэхурэ илъэсищым щIигъуащ. 2024 гъэм мазаем и 13-м ЩIалэгъуалэм я унэм и бжэр къызэIутхащ, Іуащхьэмахуэ нэмыцэ бэракъыр къыщраудыхыу СССР-м и бэракъыр щытрагъэувэжа махуэм техуэу. Зэман щIагъуэ дэкIыркъым мыбы Іуэху щхьэпэ щемыкIуэкIыу, уеблэмэ зы махуэм Іуэхугъуэ зыбжанэ щызэтехуи щыIэщ. Концерт щагъэлъагъуэ ди залышхуэм цIыху щибгъум нэс щIохуэ. ЦIыхуищэ, щитI хуэдиз щIэхуэу пэш зыбжани диIэщ, лэжьапIэ пэшхэм нэмыщI. Аращи, цIыху минитIым щIигъу зыхэт Іуэхугъуэ щыдогъэкIуэкIыф мыбы.

Сыт хуэдэ Іуэху едгъэкIуэкIми, къэралым, республикэм я гимнхэмкIэ къыщIыдодзэ. Гимныр къыщеуэкIэ дэ дыкъызэрытэдж къудейракъым мыхьэнэ зиIэр. Къэралым пщIэ хуэтщIу дыкъэзылъагъу сабийхэм, ар ягу ираубыдэ, щапхъэ яхуохъу. Гимныр щIэблэр хэкупсэу гъэсэныгъэ зы Іэмалу къэбгъэсэбэп мэхъу. Нэхъапэ Іуэкіэ щIалэгъуалэр зыхэт Іуэхугъуэхэр нэхъ зытращIыхьыр ныбжьыщIэхэмрэ сабийхэмрэ я нэгу зрагъэужьыныр. Дэ зы Іуэхугъуи едгъэкIуэкIыркъым щIагъыбзэ узыншэ щIэмылъу. КупщIэр гъэсэныгъэращ, щIалэгъуалэм я нэгу зегъэужьыныр - фащэщ.

Ди республикэм къыщрахьэжьэ Іуэхугъуэшхуэхэр щокIуэкI ЩIалэгъуалэм я унэм. Ар конференцэ, зэIущIэ, пшыхь, лекцэ ирехъуи, мыбдеж зыхуей хуэгъэзауэ къыщызыдогъэпэщыф. ЩIалэгъуалэм ялъагъу Іуэхур екIуу къызэрызэгъэпэщын хуейм и щапхъэхэр, а псор я нэгум щIэкIа, езыхэри хэта нэужь, къагуроIуэ цIыху къэс зы Іуэхугъуэшхуэ гуэрым и Іыхьэу зэрыщытыр.

ЩIалэгъуалэм я унэм хэт пэшышхуэм мыхьэнэ иIэщ ди артистхэм дежкIэ. Хэт и щIалэгъуэр абы щыкIуащ, хэт абы епха гукъэкIыжхэр иIэщ, хэт пэшым и утыкум къихьэну фIэфIщ. Аращ ткъутэу къэдгъэщIэрэщIэж мыхъуу, зэрыщытым хуэдэу къыщIэдгъэнар. Артистхэм концерт ятынумэ, ди пэшышхуэр хуит яхудощI. Дэ къэрал е республикэ Іуэху къетхьэжьэмэ, ар тхуагъэдэхэну къытхуоблагъэ ахэр. ЗызэщIыдогъакъуэ, дызэдоIэпыкъу.

«Эльбрус» фIэщыгъэр иIэу республикэм къыщызэдгъэпэщыну ди гугъэщ щIалэгъуалэм зыщагъэпсэху, я гупсысэм зыщрагъэужь лагерь. Ар «Мэшыкъуэ» лагерым хуэдэну къыщIэкIынущ, инагъкIэ абы хуэмыдизынуми. Мы гъэм и фокIадэм къызэIутхыну ди мурадщ.

Псом хуэмыдэу иужьрей илъэсхэм къэралым мыхьэнэшхуэ ирет щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм. Сыту жыIэмэ, дэ нобэ щIэблэр дымыгъасэмэ, хамэм игъэсэну иужь ихьэнкIэ хъунущ, Іуэхум бзаджагъэ хилъхьэу. Куэд дэкIакъым Москва дыкъызэрикIыжрэ, щIалэгъуалэм ятеухуа зэIущIэшхуэ дыхэтауэ.

- Сыт абы нэхъ фызыщытепсэлъыхьахэр?

- ЩIалэгъуалэр фIым хуэдущиин, я хьэл-щэнкIэ зедгъэужьын папщIэ мы зэманым щыIэ Іэмалхэм щытепсэлъыхьащ зэIущIэм. «ЩIалэгъуалэр къэбгъэдэIуэну щхьэ гугъу хъуа? Дызыпэмылъэщ Іуэхугъуэ щхьэ къыкъуэкIрэ?» - мис апхуэдэ упщIэхэм ятеухуат къэпсэлъэныгъэхэр. КъаIэта Іуэхухэр тыншкъым, дунейм щIэхыщэу зызэрихъуэжым тепщIыхьмэ. Іей зигу илъхэр сыт щхьэкIи къэувыIэнукъым. Абы къыхэкIыу дыхуэбгъэрыгъ хъунукъым щIэблэм.

- ЩIалэгъуалэм заужьыныкIэ мы зэманым Іэмал куэд яIэщ. Абыхэм хуиту тегушхуэрэ, я гупсысэкIэ пэлъэщрэ, тыншу утыку ихьэфрэ ныбжьыщIэхэр?

- Зэщхькъым щIалэгъуалэр. Гушхуахэр, утыкум тыншу ихьэхэр, жьакIуэхэр щыIэщ. Яхэтщ зэфIэкI яIэ пэтми, утыку ихьэну укIытэхэр, я лэжьыгъэр зэи зымыгъэлъэгъуахэр, зи гупсысэ жызыIэну темыгушхуэхэр. ЗэфIэкI бгъэдэлърэ, ар зэригъэлъэгъуэн гушхуэныгъэ хэмылъу гу лъыттэмэ, ар къыдогъэблагъэ, допсалъэ, дызэщIыгъуу тщIэнIауэ тыдогъэгушхуэ.

Дрогушхуэ щIалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ къэралым пашэныгъэ щызыIыгъ щIыналъэхэм дащыщщи. ЩIэблэ дахэ диIэщ, гъэсэныгъэкIэ дахуэбгъэрыгъын хуэмейуэ аращ. Психологхэр зэхуэтшэсурэ гъэсэныгъэм дытопсэлъыхь, гу зылъыттэн хуейхэр къыхыдогъэщ, хэкIыпIэхэмрэ Іэмалхэмрэ зэщIыгъуу къыдолъыхъуэ.

- ЩIэблэм я гъэсэныгъэм теухуауэ зэфIэфх лэжьыгъэхэм и щапхъэ къытхуэпхьын?

- ЩIалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ министерствэр къызэрыунэхурэ «ЩIалэгъуалэм я щIыналъэ» («Регион для молодых») лэжьыгъэр йокIуэкI. Сыт абы и мыхьэнэр жыпIэмэ, республикэм и щIыналъэхэм унэ бгынэжа е ныкъуэкъутэ щыIэмэ, ар щIалэгъуалэ Іуэхущ Іапіэ ящI. ЩIыналъэ щхьэхуэр грант щат зэпеуэм хохьэри, ар къахьмэ, а зи гугъу тщIа унэжьыр къызэрагъэщIэрэщIэжын ахъшэ къаIэрохьэ. Ар федеральнэ мылъкум къыхокI, хуримыкъур республикэм дыщIегъу. ИльэсипI хъуауэ ди республикэр а зэпеуэм пашэ щохъу. Іуэхур къызэрежьэрэ абы дыхэтыныр къыддиIыгъщ ди республикэм и Іэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

Дзэлыкъуэ куеймрэ Прохладнэ къалэмрэ щIалэгъуалэ центрхэр къыщызэIутхыну ди мурадщ. А тIур зэдгъэпэщыжмэ, району хъуам щIалэгъуалэм я Іуэху щащIэ яIэнущ.

Иджы догупсыс: студентхэр дауэ хэтша хъуну къуажэ гъащIэм, жытIэу. Гъэ еджэгъуэм деж дерсхэм къыщыдэхуэ зэманым пшыхь гуэрхэм, зэIущIэхэм, концертхэм, спортклубхэм, нэгъуэщI Іуэхущ Іапіэхэми кIуэрэ зытезыгъэу студентхэр гъэмахуэм щхьэж и унагъуэм йокIуэлIэжри, абыи щыIэн хуейт къуажэ гъащIэр къаIурызыгъэIэфIэн гуэр.

ЩIалэгъуалэ Іуэхухэмкіэ министрыр къулыкъум щыпэрыувагъащIэм социальнэ къэпщытэныгъэ иригъэкIуэкIащ. Ныбжьыщ Іэхэм ящыщу сыт хуэдизыр хэкупсэ, сыт хуэдизыр республикэм щеджэну икIи щылэжьэну хуей, сыт ахэр нэхъ дэзыхьэхыр, сыт я гупсысэр зытеухуар, сыт нэхъ зыхуэныкъуэр, республикэм сыт хуэдэ щыщIэныгъэхэр щыIэ щIалэгъуалэ Іуэхум теухуауэ - а псом я щыгъуэ зэригъэщIащ. ИкIи ахэр къэлъытауэ лэжьэн щIидзати, фIы и лъэныкъуэкIэ щытыкIэм зригъэхъуэжьфащ. Республикэм и району хъуам щыIэщ щIалэгъуалэм ядэлажьэ IэщIагъэлIхэр. Администрацэхэм къудамэ щхьэхуэхэр къыщызэрагъэпэщащ абы папщIэ. ЩIалэгъуалэ Іуэхум теухуауэ Москва къалэн къытщищIхэм ди еплъыкIэ хэтлъхьэжурэ, районхэм яльыдогъэIэс. Нэхъапэм мэкъуауэгъуэм и 22-м ирихьэлIэу Налшык, Хэку заушхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж, шэху уэздыгъэхэр щыпагъанэрт. Иджы район къэс а махуэм щокIуэкI фэеплъ пэкIухэр. Къуажэхэмрэ къалэхэмрэ щыIэщ апхуэдэ Іуэху къыщызэрагъэпэщ щIыпIи, щIалэгъуалэм шэху уэздыгъэхэр щыпагъанэ. ИрагъэкIуэкIа Іуэхум щыхьэт техъуэ сурэтхэмрэ видеотеплъэгъуэхэмрэ къытхурагъэхь.

Бадзэуэгъуэм и иужьрей щэбэтыр щIалэгъуалэм я махуэу игъэуващ ди къэралым и Президентым. Мы гъэм абы теухуа Іуэхухэр щекIуэкIынущ Налшыки, республикэм и къуажэхэмрэ къалэхэмри. ЩIыналъэ къэс Іуэхуфіхэм хуэпабгъэ щIалэгъуалэ гуп щыIэныр - ар къару лъэщщ республикэм дежкIэ.

ЩIалэгъуалэм я гупсысэр зэтехуэркъым, дауи. Щхьэж нэхъ лейуэ дэзыхьэх иIэщ. Хэт сурэт ищIыну фIэфIщ, хэт макъамэ етх, хэт Іэпэ Іэсэщ, хэт Іэпщ Іэлъапщ Іэщ, псалъэм папщIэ. ФIэщхъуныгъэкIэ щхьэхуэхэри яхэтщ. Илъэс ещанэ хъуауэ «Уи диныр щIэж» Іуэхур идогъэкIуэкI. Псалъэм папщIэ, мэжджытхэм докIуэри, абы щызэхуэс щIалэгъуалэм даIуощIэ. Ди министрым абы щыжеIэ зытекIухьа Іуэхур, диным и лэжьакIуэхэми къулыкъущIэхэми къалэн нэхъыщхьэу щIэблэр гъэсэныр зэраIэр, Іуэху гуэр ящIэну хуеймэ, дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырри къыхегъэщ.

Хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиIэщ «Лига лекторов» зыфIэтща Іуэхур. Дзэ Іуэху хэхам щыIахэр къедгъэблагъэурэ щIалэгъуалэм яIудогъащIэ. Зауэр зи нэгу щIэкIа, гъащIэмрэ ажалымрэ я зэхуакум дэтыну къызыхуихуа цIыхум жиIэр нэхъыбэу зыхащIэ ныбжьыщIэхэм.

«Лига героев» жыхуэтIэр сабийхэр зэгъэбэныным теухуащ. Район къэс гуп щызэдгъэпэщащ, дэ дыкIуэурэ зыдогъэбэн, текIуэхэр догъэгушхуэ. СпортымкIэ министерствэм къызэрегъэпэщ зэпеуэ куэд. «Лига героев» зыфIэтщар абыхэм къащхьэщокI гъэсэныгъэми дазэрыхутепсэлъыхьымкIэ. Хэкупсагъэм, цIыхум хэлъын хуей хьэл-щэныфIхэм ятеухуа упщIэхэри ядот. Я щIэныгъэмрэ я спорт зэфIэкIымрэ зэхыдолъхьэжри, увыпIэхэри яхудогъэфащэ. Пэжщ, мы лэжьыгъэр щедгъэжьам спорт гъэсакIуэхэм къахэкIащ ар зигу иримыхьаи. Ауэ едгъэкIуэкIыу щIэддза нэужь, сабийхэр зрагъэджэнум, ди упщIэхэр зытедухуэнум къыщIэупщIэурэ загъэхьэзыр хъуащ. Апхуэдэ зэпеуэкIэ дэ сабийхэм тхыдэ едгъащIэу аракъым, атIэ щIэныгъэм дедгъэхьэныу аркъудейщ. ЗэIущIэм щызэхиха гупсысэм дехьэх, адэкIэ абы теухуа гуэрхэр зригъэщIэну и гур мэпабгъэ. «Мыбы еджэ» жыпIэу сабийм ептыр къищтэну щхьэхынкIи хъунщ, ауэ а зэбгъэджэнур зэрыгъэщIэгъуэныр икIи зэрыщхьэпэр ебгъэлъэгъуа нэужь, езыр-езыру къищтэнщи еджэнщ. Мы зи гугъу сщIы проектыр къэралым щапхъэу яхуигъэлъэгъуащ нэгъуэщI республикэхэми.

Иджыблагъэ Джэдыкъуэ щедгъэкIуэкIащ «Фестиваль шаров». Ар ди республикэм и цIыхухэм я гум къинэжащ, сурэтхэмрэ видеохэмрэ щызытрахащ, топсэлъыхьыж. УнагъуэщIэхэр щызэхуэтшэсри, щызэхэдгъэплъэжащ, я зэфIэкI къыщагъэлъэгъуащ. Іуэхум зэрыхэтамкIэ, дэтхэнэми щыхьэт тхылъ еттащ, нэхъ къыхэжаныкIахэр дгъэлъэпIащ. Сыт а Іуэхугъуэм и мыхьэнэр жыпIэмэ, ди къэралым унагъуэм пщIэ зэрыхуищIыр щапхъэкIэ къэдгъэлъэгъуэнырщ.

- ЕхъулIэныгъэ зиIэ ныбжьыщIэхэм щхьэхуэу ЩIалэгъуалэм я унэм зэIущIэ къащыхуэзвгъэпэщауэ зыбжанэрэ срихьэлIащ. Ахэр е сурэтыщIщ, е дэрбзэрщ, е Іэпэіэсэщ...

- Арт-резиденцэ жыхуаIэм хуэдэ щыIэщ ЩIалэгъуалэм я унэм. ЗэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэм цIыхухэм зыкърагъэцIыхуну Іэмал ядот. Сурэт гъэлъэгъуэныгъэ, усэ пшыхь, зы джэгу цIыкIу е зэIущIэ ирехъуи, пэш щхьэхуэ, экран, Іэмэпсымэ хуэдэхэр хуит яхудощI.

- Лъэпкъ Іуэхум, бзэм теухуауэ сытхэр влэжьрэ?

- «Щэнхабзэхэм я школ» Іуэхур зэхэдублащ. Хабзэм, лъэпкъ Іуэхухэм теухуауэ щIэныгъэ зиIэхэр къуажэхэмрэ къалэхэмрэ дгъакIуэурэ абы щыIэ щIалэгъуалэм яIудогъащIэ.

Къэбардэ Астемыр «ЩIанэ жанхэр» проектыр зэрыригъэкIуэкIым ущыгъуазэу къыщIэкIынщ... Ди министрым гу лъитат щIалэм и Іуэхущ Іафэр зэрысэбэпми, арди деж щригъэкIуэкIыну, зыщIэдгъэкъуэну дызэригуапэр жетIащ. Бжьыхьэм ирихьэлIэу «ЩIанэ жанхэм» щыщ нэтын зыбжанэ ди деж щытрихынущ. Журналист Табыщ Мурат и нэIэ нэхъ щIэту Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIуэкIыу щытащ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ ахэри ди деж щокIуэкI. Анэдэлъхубзэм, литературэ тхыгъэ щхьэхуэхэм тепсэлъыхьыну хуейуэ зыкъытхуагъазэмэ, ди бжэр зэIухащи, дэри Іуэхум дыхохьэ. Балъкъэр щIалэгъуалэми апхуэдэ зэпеуэхэр къахузыдогъэпэщ.

- Упсэу, Азэмэт. Ди гуапэщ фи мурадхэр къывэхъулIэну!

Епсэлъар
ГУГЪУЭТ Заремэщ.

Дунейм щыхъыбархэр

Я лэжьыгъэм арэзы къещI

УФ-м и Къэрал Думэм и 8-нэ зэхуэсыгъуэм и илъэситху лэжьыгъэр кърихьэлIащ. Кремль уардэунэм депутатхэм щаIущIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир.

«КЪЭРАЛЫМ дежкIэ блэкIа илъэситхур гугъут икIи жэуаплныгъэшхуэ зыпылът. Ди лъэпкъым и къэкIуэнур зэхэгъэкIыпIэ щихуа лъэхъэнэр егъэлеиныгъэ лъэпкъ хэмылъу Хэкум и тхыдэм и зы Іыхьэ нэхъыщхьэт, къэралым и дежкIи гъэунэхупIэт. ФIыщIэ фхузощI лэжьыгъэ купщIафIэ зэревгъэкIуэкIам, псом япэу къэралым и щхьэхуитныгъэр, Хэкум и лъэпкъ лъапIэныгъэхэр хъумэным фи гуащIэ зэрыхэфлъхьам папщIэ», - жиIащ Путин Владимир.

Апхуэдэу къэралым и Унафэщым къыхигъэщащ дзэ Іуэху хэхар зыхуей хуэзэу къызэгъэпэщыным, абы хэтхэм, я унагъуэхэм ядэIэпыкъуным теухуа хабзэхэр зэхэгъэувэным депутатхэр зэкъуэту икIи зэгурыIуэу зэрелэжьар.

«УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм цIыхубэм я лIыкIуэ нэсу зэрыщытыр я Іуэхущ Іафэхэмкіэ къагъэлъэгъуащ, - жиIащ Урысейм и Президентым. - Апхуэдэу наIуэ къащIащ Хэкум зэрыхуэпэжыр, щытыкIэр зэрыгугъур къалъытэу, абыхэм псынщIэу зэхагъэуващ икIи къащтащ къэралыр, жылагъуэр, зыхъумэжыныгъэ Іуэхущ Іапіэхэр, экономикэр, зауэлIхэр, абыхэм я командирхэр зыхуэныкъуэ унафэ гугъуэхэр, хабзэхэр».

Хъыбар нэпцIхэр

Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и советым и унафэщIым и къуэдзэ Медведев Дмитрий жиIащ щIэрыщIэу мобилизацэ екIуэкIыным теухуауэ кърахьэкI хъыбархэр зэрылъабжьэншэр, ар хэхыныгъэхэм ипэ къихуэу къэрал кIуэцI политикэ щытыкIэр къэгъэтIэсхъэным зэрыхуэунэтIар.

ІЭЩЭКІЭ ЗэщIэуэзда Къарухэр зэгурыIуэныгъэкIэ къулыкъу зыщIэнухэмкIэ къызэгъэпэщыныкIэ ведомствэхэм зэдай комиссэм и зэIущIэм къыщыщыпсалъэм, абы къыхигъэщащ апхуэдэ тхыгъэхэр Урысейм и ныкъуэк

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Напи топи зиІэхэр

Мэкъуауэгъуэм и 11-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм и 19 пщІондэ Канадэм, Мексикэм, США-м щекІуэкІа Топджэгумкіэ дунейпсо зэхьэзэхуэм и кІэух зэпеуэр иухащ. Гъэ къэси хуэдэу, утыкушхуэм хьэл зэхуэмыдэ куэд къигъэнэІуащ, гу ялъыптэху, щапхъэ щІатепхын ядэплъагъуу.

ТОПДЖЭГУМ хызощІыкІ жысІэмэ, пцІыщ. Хэсщ1ыкІыркъым икІи сыдихьэхыркъым. Ауэ уи нэр зэтепхыху, зэи зэхьуныха цІыхущІэ гуэр уагъэцІыхункІэ хъыбарыщІэхэр щызэпеуэм деж, дэри дунейм и зы Іыхьэу дыщыщыткІэ, щыгъуазэ зытщІыныр къалэн тхуохъу.

Нэхъыбэрэ зи цІэ зэхэтхахэм язщ япэ увыпІэр къэзыха Испанием и топджэгу гупым щыщ Ламин Ямал. Гъэщ1эгъуэным щІалэм и цІэм деж къыщыщІедзэ. Зэрыжа1эжымкІэ, сабийр дунейм къыщытехьам, и анэр илъэс 16, и адэр - илъэс 15 хъууэ арат. Хэхъуэ яІэным зыхуэзыгъэхьэзыр зэщхьэгъуэсэ ныбжьыщІэхэр апхуэдизкІэ тхьэмыщкІэти, щыпсэу фэтэрым и уасэр ирамытыфыну къыщыщІэкІым, Ламинрэ Ямалрэ зи цІэ зэныбжьэгъуитІым ахъшэ хуэзэхадзауэ жаІэ. Щ1алэ диІэ хъумэ, фи цІэхэр фэтщынущ жаІэу къагъэгугъати, ягъэпэжащ. Зи гугъу тщІы зэхьэзэхуэм хэту зи ныбжьыр илъэс 19 ирикъуа топджэгу цІэрыІуэм и унэцІэр Нэсрауи Эбанэщ. Ауэ Ламиныр и цІэу, Ямалыр и унэцІэ хуэдэу тхыдэм хыхьакІэщ.

Дунейпсо топджэгу зэхьэзэхуэхэр зыгуэркІэ Урысейм щекІуэкІ хабзэ, бэнакІуэхэм я зэпеуэм ещхьщ. Утыкум къихьэр лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэкІахэрщ. Апхуэдэущ «французэ» цІэрыІуэхэу Зидан Зинедин (и адэ-анэр Алжирым щыщщ), Мбаппе Килиан (и адэ-анэр Камеруным щыщщ), къинэмыщІхэр. Мы дызытепсэлъыхь Ламин и анэшхуэ Нэсрауи ФатІимэщ Мароккэм иІэпхъукІыу, Испанием лэжьакІуэ кІуар, и ныбжьыр илъэс 40 хъууэ. Мароккэрщ зыщыщыр Ламин и адэ Мунир, и анэ Эбанэ Шейлэ - Экватор Гвинеем иІэпхъукІащ. Иджы зэрыжаІэжымкІэ, сабиитху зиІэ ФатІимэ Испанием лъэкІэ щыуву, и бынитхури здишэну арат и мурадыр. Ламин и адэ Мунир Испанием щыІэпхъуам зэрыхъур илъэси 9 къудейт. «Си адэм уэрамым хьэпшыпхэр къыщилъыхъуэу дэтащ, зыгуэр пщэ хъуну къахихыу, ишхын къищэхун щхьэкІэ. Си анэр сэ сыкъыщилъхуам зэрыхъур илъэс 16 къудейт. Мис ахэращ гугъуехьыр. Сэ топ сыджэгуу аркъудейщ, ар икІэри ипэри джэгущ», - жиІэнущ иужькІэ дунейпсо чемпион хъуа щІалэ цІыкІум.

Унагъуэр щыпсэуар Барселонэм и хьэблэ Рокафондэщ, щІыпІэ шынагъуэхэм хабжэу зыгуэрщ ар. Сурэт зытригъэхрэ пэт, Ламин зы лъэныкъуэмкІэ и анэшхуэр, адреймкІэ къэмэх уз зэфыкІ и адэр зыбгъуригъэувэу щыплъагъукІэ, щІалэм унагъуэм и мыхьэнэр къызэрыгурыІуэр, фІыщІэ зэрыхэлъыр, нэхъыжь-нэхъыщІэр зэрищІэр Іупщі мэхъу.

«Си адэ-анэр сыткІи си щапхъэщ, - жеІэ Ламин. - Топджэгу губгъуэм сыщитым деж, си адэм и хьэлыр нэхъ къэзгъэлъагъуэ къыщІэкІынщ. Абы сыкъикІыжмэ - си анэм срещхьщ. Си сабиигъуэр насыпыфІэ дыдэу щымытами, си адэ-анэм ялъэкІ къагъэнакъым псоми срагъэсэн папщІэ. Си адэм къысхуиІэ лъагъуныгъэр зэбгъэпщэфын мы дунейм теткъым. Абы укъызыхэкІар пщыгъупщэ зэрымыхъунум сыхуиущиящ, цІэрыІуэ хъуа нэужь, къызыфІэщІыжа топджэгухэр щапхъэу къысхуихьуурэ».

Дунейпсо чемпионатыр иуха нэужь, Ламин Ямал и Іыхьлы псори пщигъэгъупщэу, утыкум къизэрыхьащ абы и къуэш нэхъыщІэ Кейн. «Си къуэш нэхъыщІэм мыхьэнэшхуэ щеубыд си гъащІэм, ар си къуэм хуэдэщ», - жеІэ езым. Щ1алэм къехъуэхъуну топджэгу губгъуэм къихьа Гарсиа Инес Ламин иджыблагъэ къызэришар хъыбар щІэрыпсщ.

Спортыр политикэм и бынщ. Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэшхуэхэри къэрал тепщэхэм къагъэсэбэп, щхьэж и Іуэху зехьэкІэр дигъэкІын папщІэ. Гущ1эгъу зыхэлъ политикэ зэрыригъэкІуэкІымкІэ Европэм щыщ адрей къэралхэм къахэщ Испанием и премьер-министр Санчес Педрэ США-ри и гъунэгъу къэралхэри къигъэуІэбжьауэ щытащ, Иранымфеуэн папщІэ, Испаниер къэвгъэсэбэпу фхуэддэнукъым жиІэу. Апхуэдэ дыдэу хахуэу Санчес къыщхьэщыжауэ щытащ Палестинэм и ныпыр зыІэта Ламин Ямал. «Дэтхэнэ фирхьэунми езым и Муса иІэжщ», - кІэщІатхащ а сурэтым леишхуэ къызытехьэ хьэрып къэралым къыдэщІхэм.

Зэрытлъагъущи, топ фІыуэ уджэгуным и мыхьэнэр ар ныкъуэкъуэгъум и гъуэм дэпхуфыным деж щиухыркъым. Абы къыуит пщІэмкІэ цІыхубэ гъащІэм фІыкІэ ухэІэбэфу щытын хуейщ. Армыхъумэ, уи лъакъуитІым топ дэзыхуф Іэмэпсымэ къазэрыхэпщІыкІыфым цІэрыІуэ уищІыркъым.

Псалъэ зыбжанэ хуэфащэщ мы чемпионатым «Дыщэ бутсэ» тыгъэр зыхуагъэфэща, Франджым и топджэгу гупым я капитан Мбаппе Килиан. Психологхэм нэгъунэ гу лъатащ Килиан и псэм и къарум. Парагвайм щыдэджэгум, абы и зэфІэкІыр ялъэхъэн, езыр и пІэ кърашын папщІэ, зэрелъунщІамрэ зэрыжьэхэуамрэ, ягъэбэлэрыгъыну зэрыхэтамрэ кино щхьэхуэу урикъунщ. Ауэ иджы Франджым и гуп къыхэхам и тренеру ягъэувыжа Зидан Зинедин и щхьэ кърикІуар ищІэж къыщІэкІынти, Мбаппе тэмакъкІыхьагъ хурикъуащ, и къарур ихъумэжу, и гупыр тригъэкІуэну. Дэ тлъагъур текІуэныгъэ утыкуращ. Ауэ щыхъукІэ, хэхэс лъэпкъхэм къатехъукІа мы щІалэхэр егъэлеяуэ гугъу ирагъэхь. «Япэ увыпІэр къызэрыдмыхьам щхьэкІэ, номинкІэ къызэджэу, си деж къэпсэлъар пхуэбжьынкъым», - щыжиІэжащ интервьюхэм я зым Мбаппе.

Емыкіу дыдэу франджы топджэгум къыхуэпсэлъащ Парагвайм щыщ сенатор Амарилье Селестэ. КІэух джэгум и Іыхьэ 1/8-м Парагвайр 1:0-у щыхэнам, топыр дэзыхуар Мбаппет. «Емышу франджыфэ зытезыгъэуэну хэт, Камеруным щыщ шимпанзе», - къыхужиІащ абы Мбаппе. Щ1алэм и жэуапми зиІэжьакъым. Ц1ыхубзым жиІар зэрыемыкІур, ар Парагвайм я еплъыкІэу зэрыщымытыр къыхигъэщу, Мбаппе дуней псом зэхригъэхащ лъэпкърэ фэкІэ зэхэгъэж ищІыныр абы зэрыхуимыдэнур. Губзыгъэхэр кІуэдыжатэкъыми, ООН-ри, ФИФА-ри, езы Парагвайм и сенатри щІалэм къыщхьэщыжащ, сенатор цІыхубзри ягъэкъуэншащ. Зиухеижьин папщІэ, иужькІэ Мбаппе хуитха «письмо зэІухам» гулъытэ щІагъуэ игъуэтакъым, и напэр зытрихыжати.

И гугъу дымыщІу дыблэкІыфынукъым игъащІэм зи цІэ зэхэдмыха Кабо-Верде къэралым и топджэгухэм я гъуащхьэтет Возинье. И цІэ дыдэр Жозе Эвора Диаш Жозимару къыщІокІ. И адэ-анэр зэрыхущІэмыхьэм къыхэкІыу, адэшхуэ-анэшхуэм яп1а Жозимар и жагъуэ къащІмэ, «мамэхуэ» деж гъыуэ зэрыкІуэжым щхьэкІэ, «нанэ», «нанэ и къуэ» цІэ лейуэ къыкІэрыпщІауэ къэхъуащ, езым ар илъагъу мыхъурэ зыкІэридзыну Іэмал имыгъуэту. Илъэс 40-м ит гъуащхьэхъумэр электрикщ, автобусыр кърихуэкІыу жаІэ. Ауэ щыхъукІэ, топджэгу дунейр зыгъэгулэз Месси Лионель бгъуэнейрэ и гъум къытригъэпсарэ пэт, Возинье Іэщ1экІар зы топ закъуэщ икІи гъуащхьэтет нэхъыфІу къалъытащ.

Мис апхуэдэ цІыхухэм гу ялъыдигъэтащ топджэгу зэхьэзэхуэшхуэм. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, спортыр щыІэу, цІыхухэр Іэщэкіэ щІыІзэпэщІэувэн щхьэусыгъуэ къыкъуэкІын зэрыхуэмейр иджыри зэ къыдигъэщІэжащ.

ЕгъэджакІуэхэм зэрызыщІагъэкъуэнур

УФ-м и Президент Путин Владимир бадзэуэгъуэм и 20-м Іэ щІидзащ «ЕгъэджакІуэхэм зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэм къыдыщІагъухэр» унафэ №498-м.

ШЭЧ хэмылъу, ди егъэджакІуэхэр хуэныкъуэт къэралым къыбгъэдэкІ апхуэдэ гулъытэ. Хъыбарыр псынщІэ дыдэу зэІэпахауэ щытми, иджы набдзэгубдзаплъэу дахэвгъаплъэ узыщыгугъ хъуну зэхъуэкІыныгъэхэм .

Президентым Іэ щыщІидза махуэм щегъэжьауэ къару егъуэт унафэм. Ауэ абы зи гугъу ищІ язныкъуэ щытыкІэхэм зыщихъуэжынур илъэс ныкъуэ хуэдиз дэкІа нэужьщ. МазихкІэ Правительствэм ЕгъэджакІуэм и удостоверенэм и жыпхъэр игъэхьэзырынущ, хабзэм зэхъуэкІыныгъэ хилъхьэнурэ, ахэр цІыхухэм зэралъэІэсыну гъуэгухэм елэжьынущ.

ХабзэщІэм егъэджакІуэр щытыкІэ щхьэхуэм ирегъэувэ, Іэщ1агъэм цІыхубэм дежкІэ и мыхьэнэр нэхъ лъагэу иІэту. Къэралым и пщэ делъхьэж дэтхэнэ зы гъэсакІуэми и къэухьым зригъэужьыну Іэмал иритыну, и хуитыныгъэм къыщхьэщыжыну, шэсыпІэ хэхахэмкІи къегъэгугъэ. УпщІэхэм я нэхъыбэр зэкІуэлІэж улахуэм и инагъым теухуауэ унафэщІэм зыри къыщыкІуэркъым, сыту жыпІэмэ, абы и инагъыр щІыналъэ къэс щхьэхуэу щаубзыху.

ЗэхъуэкІыныгъэ нэхъ ину къалъытэ илъэс 25-кІэ егъэджакІуэу лэжьа псоми «Лэжьыгъэм и ветеран» фІащыну къызэрыхалъхьар. Иджыри къэс а илъэс бжыгъэмкІэ улэжьауэ щытми, къэралым, Президентым е ЕгъэджэныгъэмкІэ министерствэм укъызэрыхигъэщ тыгъэ къыпхуамыгъэфэщамэ, а цІэ лъапІэр къуату щытакъым. Иджы Правительствэм ар зратыпхъэхэмрэ зэрыратыну щІыкІэмрэ епхауэ, хабзэр ихъуэжынущ.

Къинэмыщ1ауэ, дэфтэрым ипкъ иткІэ, егъэджакІуэхэр хуитщ:

- мазэм зэ е нэхъыбэрэ къэрал, щІыналъэ музейхэм пщІэншэу зыщаплъэхьыну;

- и лэжьыгъэм епха упщІэ къэувмэ, и Іуэхур юристым пщІэншэу зэфІигъэкІыну;

- и Іэнат1эм Іуту, узыншагъэм е и гъащІэм зэран хуэхъункІи хъуну псоми щахъумэну;

- къэрал мылъкукІэ къызэрагъэпэща, егъэджэныгъэм епха интернет хэщІапІэхэр къигъэсэбэпыну;

- егъэджакІуэ щІалэхэм зы илъэскІэ къакІэлъыплъыну ущиякІуэ къратынущ;

- Іэщ1агъэм щиІэ зэфІэкІымрэ и щІэныгъэмрэ зэрыхигъэхъуапхъэ Іэмалхэмкіэ къызэрагъэпэщынущ;

- егъэджакІуэхэм я бынхэр сабий Іыгъыпіэхэм адрейхэм япэ къащтэнущ;

Щхьэхуэу тепсэлъыхьыпхъэщ «Лэжьыгъэм и ветеран» хъуну егъэджакІуэхэм абы къаритыну шэсыпІэхэм. Мы цІэр зыхуагъэфэщахэм я улахуэм худыщІагъу ахъшэр щІыналъэ къэс щхьэхуэу щаубзыхунущ. Ар ахъшэу щытыныр Іэмалыншэу ягъэувыркъым. Псалъэм и хьэтыркІэ, зы республикэм улахуэ къыщыхудыщІагъункІи мэхъу. Адрейм псэупІэ-коммунальнэ уасэхэр щыщхьэщахынкІи хъунущ. Ещанэм транспортым е хущхъуэхэм я уасэр щІыІахынукъым. Е цІыхубэм хуащІэ Іуэхутхьэбзэ щхьэхуэхэр егъэджакІуэхэм нэхъ хуиту къаІэрыхьэнкІи хъунущ.

Сытми, «Лэжьыгъэм и ветеран» цІэр зэрыфІащым езырезыру улахуэм хигъахъуэуи пенсэр нэхъыбэ ищІуи щыткъым. А псори щІыналъэ къэс унафэ щхьэхуэкІэ щызэрагъэзэхуэнущ.

ЕгъэджакІуэу илъэс 25-кІэ лэжьауэ, ауэ школым Іукіыжахэм хабзэщІэм ипкъ иткІэ «Лэжьыгъэм и ветеран» цІэр иратынрэ ирамытынрэ иджыри наІуэкъым.

Музейхэм пщІэншэу кІуэну зэрыхуитми мардэ гуэр иІэщ. «Мазэм зэ нэхърэ мынэхъ мащІэу», - апхуэдэущ унафэм къызэрыщыкІуэр.

Щытыкіэм зихъуэжу уи фІэщ нэхъ зыщІыр егъэджакІуэхэм дэфтэр къызэрыратынурщ, абы и жыпхъэр хьэзыр зэрыхъуу, къагъэлъэгъуа шэсыпІэхэр зэратыну щІыкІэри наІуэ хъуну къыщІэкІынщ.

«Юрист дэІэпыкъуныгъэ пщІэншэ» жыхуаІэм и гугъу тщІымэ, абы и мыхьэнэ нэхъыщхьэр егъэджакІуэм и хьэкъым къыщхьэщыжын зэригъуэтыпхъэрщ. Школ унафэщІхэм, сабийхэм я адэ-анэхэм, къадэлажьэхэм, ирагъаджэ сабийхэм егъэджакІуэр щыхагъэзыхь, хуэфащэр къыщылъамыгъэс, зыгъэпуд къыщрапэс куэдрэ къохъу. Къинэмыщ1ауэ, куэдрэ къохъу къэралым кърит хуитыныгъэхэр лэжьакІуэм щыщабзыщІ. Хабзэщ1эм унафэ зы Іэщ1элъхэм къалэн ящещІ дэтхэнэ зы льготэм теухуауи ар зылъысыпхъэхэр щыгъуазэ ящІыну.

Къэралыр дэІэпыкъуэгъу хъуфынут, абы и унафэр зыгъэзащІэ цІыху щхьэхуэхэм я къалэныр гурэ псэрэ халъхьэу ягъэзащІэтэмэ.

Сабий усакІуэ, тхакІуэ Тау Нинэ 1971 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м Бахъсэн районым хыхьэ Кыщпэк къуажэм къыщалъхуащ. 1992 гъэм Налшык дэт культпросвет училищэр къиухащ. Абы къыхуагъэфэщащ Къандур Изэт и цІэр зезыхьэ саугъэтыр. 2004 гъэ лъандэрэ Таур Къэбэрдей-Балкъэрым и ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ.

Нинэ пасэу, и ныбжьыр илъэсибгъу фІэкІа мыхъуу, тхэн щІидзащ. И япэ усэхэм ящыщ зыр триухуауэ щытащ фІыуэ илъагъу и егъэджакІуэм. Абы щегъэжьауэ бзылъхугъэм и къалэмыпэм къыщІэкІащ усэ, Іуэтэж, таурыхъ куэд. Ахэр республикэм къыщыдэкІ газетхэм, журналхэм щІэх-щІэхыурэ къытрадзэ, и Іэдакъэщ1экІхэр щызэхуэхьэсауэ тхылъиплІ дунейм къытехьащ. «НэкІуху» зи фІэщыгъэ и япэ усэ тхылъыр, Шэджыхьэщ1э Хьэмыщэ зи редактору щытар, 1995 гъэм къыдэкІащ. Абы къыкІэлъыкІуащ таурыхъхэмрэ сабий усэхэмрэ зэрыт «Мэшбэв» (2000), таурыхъхэмрэ усэхэмрэ щызэхуэхьэса «Уэших нэужьым» тхылъхэр (тІуми я редакторыр Хьэту Пётрщ). 2011 гъэм дунейм къытехьащ Нинэ и таурыхъ цІыкІухэр зэрыхуа «ПщафІэ Іэзэ» (редакторыр Къармэ Іэсиятщ) тхылъыр. 2008 гъэм къыдэкІа «Анэбзэ» тхылъ-учебникым итщ Нинэ и «Дзыгъуэ цІыкІу» усэмрэ (къыхэгъэщыпхъэщ абы Жырыкъ Заур макъамэ зэрыщІилхьар) «Ужьэ лэжьэреймрэ уашхэ шхэреймрэ» таурыхьымрэ.

Барто Агние и усэхэр нэхъуеиншэу щІэзыджыкІа Нинэ абы и гуащІэм ижь къыщІихуауэ къыщохъу. Сабиипсэр зыхэзыщІэ цІыхуращ цІыкІухэм я гум дыхьэ, яфІэгъэщІэгъуэн художественнэ тхыгъэ къэзыгъэщІыфынур. Таум и гуащІэм щыгъуазэхэм къыбжаІэфынущ а Іуэхур фІыуэ къызэрехъулІэр, сабийхэр абы и Іэдакъэщ1экІхэм зэрыдихьэхыр. Нинэ иІэщ нэхъ цІыкІу дыдэхэми, тІэкІу нэхъыжьхэми яхуэгъэза тхыгъэхэр. Иджыпстуи уси прозэ тхыгъи ныкъуэтххэу иІэщ, елэжьу.

Тау Нинэ нэхъыбэу зыщІэхъуэпсу жиІэр мис а цІыкІухэм гукъыдэж иІэу яхуэлэжьэнырщ, балигъ усэ къехъулІэми и гуапэ хъунущ (ахэри етх, тІэкІу нэхъ мащІэми).

Хьэх Сэфарбий игъэлажьэу щыта «Шыхулъагъуэ» литературэ хасэм кІуэуэ щытахэм ящыщщ ар. «Мазэ къэс зэ дызэхуэсрэ ттхам дытепсэлъыхьу, ахэр зэпкърытхыу дызэхэст. Хуабжьу сыхуозэш икІи сыхуохъуэпсэкІыж а зэІущІэхэм», - жеІэ Нинэ.

● ДифІ догъэлъапІэ

Сабиипсэр къыгуроІуэ

Зэгуэр сэбэп къыхуэхъуауэ абы зи фІыщІэ игъэкІуэд къэгъуэтыгъуейщ. Ар хуэарэзыщ и тхылъхэр къыдэкІынымкІэ къыхуэщхьэпахэми, и тхыгъэхэм къыхуеджэжахэми, газетхэм, журналхэм къытезыдзахэми. ЦІыху къыщІыхуэарэзын, абыхэм я гум дыхьэн тхыгъэ хуабэ, купщІафІэ куэд дяпэкІи итхыну ди гуапэщ. Нинэ дохъуэхъу узыншагъэрэ гукъыдэжрэ, гурыфІыгъуэрэ гухэхъуэгъуэрэ щымыщІэну.

Газетым и щІэджыкІакІуэхэр нобэ фыщыдогъэгъуазэ абы и «УжьэІэзэ» таурыхьым.

ИСТЭПАН Залинэ.

УжьэІэзэ

Таурыхъ

И нэ фІыцІэ пІащитІыр къицІыщхъукІрэ езыр бгы псыгъуэ кІыхь хъужауэ мэзым ужьэ цІыкІу гуэр щІэст. Абы Іэзэгъуэ-Іэзэпэ хэлът, куэд игъэхъужт, къызэреджэри УжьэІэзэт. УжьэІэзэ апхуэдизкІэ псэ хьэлэл иІэти, хэт еІэзэми, сыт хуэдиз гугъуехь дишэчми, пщІэ лъэпкъ зыми къыІихыртэкъым.

Щыпсэу Мэзхъурей и мызакъуэу, нэгъуэщІ щІыпІэ щыІэ псэущхьэхэми ар хъарзынэу къацІыхурт икІи фІыуэ къалъагъурт.

УжьэІэзэ и шыр цІыкІу Дахэнэ, мазищ нэхъыбэ мыхъуар, жылэр ДжабэгъукІэ зэджэ дыгъужьым ишхати, къэзыцІыхухэр къыхуэгузавэрт, къакІуэурэ къыхуэгуІэрт. Апхуэдэу псоми яхэІуа щхьэкІэ, Іуэхур къызэрекІуэкІар нэгъуэщІурэщи, мис иджы зэрыщыта дыдэр, пцІы лъэпкъ хэмылъу, ныв1жесІэнщ.

УжьэІэзэ и гъунэгъуу БытыхукІэ еджэу былътырыку гуэр щыпсэурт.

Мэз гъунэгъу гуэрым къикІри, зэгуэр абы хьэщІэу къыхуэкІуат Лъэбыцэкіэ зэджэ Мыщэмрэ КІэлъэф зи цІэ бажэмрэ. ФІыуэ къигъэхьэщІахэ нэужь, къызыхуэкІуа ныбжьэгъум и Іупэр напэІэлъэщІкІэ илъэщІыжурэ, бажэм мыпхуэдэу жеІэ:

- Ину берычэт бесын, Бытыху, хуабжьу хьэщІагъэ къыдэпхащ, дыбгъэтхъэжащ, дыбгъэлъэпІащ. Иджы нэгъуэщІ зыгуэркІэ сыноупщІынут.

- СыткІэт укъызэрызэупщІынур?

- Сыныз1эроупщІынур зы хьэлэмэт гуэрщ.

- Сыт хуэдэ хьэлэмэту пІэрэ, ар?

- Узу щыІэр игъэхъужу фи мэзым ужьэ щыпсэууэ жари, пэж?

- Уэлэхьи, жаІэм пцІы и лъэпкъ хэмылъ, КІэлъэф. Ди мэзым щІэс дэнэ къэна, моуэ си гъунэгъубзэу щопсэу а зи гугъу пщІы ужьэр.

- Ярэби, дыхуеблагъэрэ мы си кІэнтІыІу узым сэбэп хуэхъунумкІэ себгъэчэнджэщамэ, къызжимыІэфыну пІэрэт?

- Дэгъуэщ, Лъэбыцэ, уи фІыгъэкІэ, сэри си щхьэ узым зыгуэр схурищІамэ сехъулІат, ауэ хамэ мэз къикІа дэ тІум щхьэкІэ и зэман дыщэр игъэкІуэдын уи гугъэ?

- Мо УжьэІэзэ хабзэншэу, гущІэгъуншэу гурыщхъуэ хуэпщІыну ара, КІэлъэф?

- Сэ сщІэ мыгъуэрэ, мы ди зэманыр хьэлъэщ, хамэ зыкъозыгъэлІэлІэн дэнэ къипхын, жызоІэри аращ.

- Фэ фи мэзым щІэсхэм я зэманыр къызэралъытэм сэ сыщыгъуазэкъым, ауэ ди мэзым щІэсхэм къыпхуащІэфынІауэ къащІэмэ, уэлэхьи, зыкърамыгъэлыжыну. Ухуеймэ, апхуэдэу дезыгъэсар Ужьэдахэу Іэзагъэкіэ тхьэр зыхуэупсаращ.

- Тхьэ, жыпІэри пэжым, насыпу щыІэр къывэуэлІауэ фІэкІаи сымыбж, - зэхихар и фІэщ мыхъущэурэ жеІэ КІэлъэф.

- Ужьэм псалъэ химылъхьэу дригъэблагъэнущ, уи узым и Іэзэгъуэ хэлъмэ, къыпхуищІэф къигъэнэнукъым, фынакІуэ, - жери Былътырыкур къэтэджащ.

УжьэІэзэ и гъунэгъум къыхуиша хьэщІитІыр иригъэблагъэ, хущхъуэгъуэ зыхэлъ и макъ жьгъырумкІэ уэрэд къыхуреш. Чэнджэщ1ыфІхэр кърет. УжьэІэзэ и дэтхэнэ псалъэри гурэ псэкІэ зыхэзыщІа КІэлъэф и нэпсхэр къыщІэжрэ мо макъ хьэлэмэтыщэ зиІэм едэхащІэурэ моуэ жеІэ:

- Тхьэ гъапІэу ди щхьэщыгум ит, сыту уІэзащэ! Насыпу щыІэр къеуэлІакъэ мы уэ узыщІэс мэзым щыпсэууэ уи Іэзэгъуэ-Іэзэпэ зылъысхэм. Уи макъри жьгъыру хьэлэмэтыщэщи, уи Іэзэгъуэри телъыджащэщ, Тхьэ дыщэр хъугъуэфІыгъуэу щыІэмкІэ зыхуэупсэн.

Мэз гъунэгъум къикІаитІым щытхъупсыр УжьэІэзэ къыхурагъэжэхщ-къыхурагъэжэхри къыщІэкІыжауэ къыздэкІуэжым, бажэм зыгуэрхэр къибжу щІедзэ:

- Сыту и насып, сыту ехъулІа, сыту тхъэжа зи мэз мыпхуэдэ Іэзэ щІэсым.

- Сыт къыубжхэр? Хэт зи гугъу пщІыр? - пщэм етІэхъуурэ йоупщІ Мыщэ бэлацэжьыр КІэлъэф.

- Иджыпсту зи макъ дедэІуа Ужьэращ.

- А, уэлэхьи, пэжым а уэ жыпІэр. Ар ди Іэшэлъашэм щыпсэуами, дехъулІат.

- ДехъулІар щызогъэтри, дыунэжыпат, - мэгуфІэ КІэлъэф.

- Уэлэхьи, ди мэзым щІэсхэри тхъатэм итІанэ.

- Щыгъэт, тхьэм щхьэкІэ, - тоуІуэ КІэлъэф, - ди мэзым щІэсхэм уэри сэри зыри къыдатынукъым, абыхэм щхьэкІэ дыщІэгузэвэни щыІэкъым. Ауэ а Ужьэжь ц1ыкІур ди мэзым къыткъуэшамэ, Іэджи тхуэщІэнут.

- Сытыт тхуэщІэнур?

- Тхуэщ1энури - ди Іэшэлъашэм щыпсэууэ хъуам нэхърэ нэхъ къулейуэ дыпсэунут.

- Ар дапхуэдэу, КІэлъэф?

Бажэр мыщэм и тхьэкІумэм йохъуцацэ, мыщэжьри зэхихам арэзы зэрытехъуар наІуэу, къыпогуфІыкІ.

Дапхуэдизрэ емылъэІуами, УжьэІэзэ абыхэм я мэзым къызэрыхуэмыкІуэнур ящІэрти, йоуэри бзаджитІым а тхьэмыщкІэр къадыгъу. Къадыгъури, щІыунэ гуэрым щІагъэтІысхьэ. ИтІанэ бзаджагъэм хуэІэзэ бажэм и нэпсхэр къыщІипІытІыкІыурэ мыпхуэдэу жеІэ:

- Уэ УжьэІ дахэу зи Іэзэгъуэр куэдым сэбэп яхуэхъу, мы ди щІыпІэм укъыщІэтшар мыращ...

- Сыкъэфшакъым - сыкъэвдыгъуащ.

- Къытхуэгъэгъу, ди псэр зэдгъэшхын, - жи Лъэбыцэжь, - укъдмыдыгъуамэ, укъытхуэкІуэнутэкъым.

- НтІэ, - къыпещэ КІэлъэф, - ди мэзым сымаджэ куэд щопсэу. Щопсэу икІи уэ ахэр зэрыбгъэхъужыфынур дощІэ. Дынолъэ1у уи Іэзэгъуэ-Іэзэпэ епхьэлІэу, я узыр ящхьэщыпхыну.

Сытми, напэшитІым я пцІыр ужьэм и фІэщ ящІ. ЯщІри, ягъэІэзэу щІадзэ. Апхуэдэурэ мазищ докІ. «Дапщэщ сыщывутІыпщыжынур, - жиІэурэ ужьэр мыщэмрэ бажэмрэ еупщІмэ, «иджыри сымаджэ куэд ди мэзым щІэсщ. Ахэр къокІуэри-къокІуэ, бгъэхъужынкІэ къыпщыгугъыу, - жэуап иратырт УжьэІэзэм.

Махуэ гуэрым, ужьэр гъуэм къикІарэ дыгъэ зригъэууэ здэщысым, Дамэдукіэ зэджэ жьындур гъунэгъуу щыт жыг гуэрым къытелъэтыкІщ, къетІысэхри, УжьэІэзэ къеупщІащ:

- Фи Мэзхъурейм сынэлъатэурэ уи макъ дахэм седаІуэрти, узу сиІэр сщхьэщыпхт. Уи дежи иджы дыкъэкІуэн щхьэкІэ хъугъуэфІыгъуэ куэд къэтхьын хуейщ.

- Сыт емыкІу мы къызжепІэр, сэ зыми зыри къеІысхыркъым, - зэхихар и фІэщ дыдэ мыхъуу и нэ пІащитІымкІэ йоплъ ужьэр жьындум.

- Уэ Іыхьэгъу уамыщІми сщІэркъым, ауэ къалъэІуха защІэкІэ псэууэ щыта КІэлъэфрэ Лъэбыцэжьрэ уи фІыгъэкІэ иджы къулей хъуауэ унэ зэтетым «Фу, цІыхумэ» жаІэри зыми къыдэмыплъыжу щІэсхэщ.

Ар щызэхихым, дунейр къэкъутэжауэ зы хьэлъэ гуэрхэр къытехуауэ къыщохъу. Къыщохъури, мо бзаджэнаджэхэм сыкъамылъагъу щІыкІэ, жери къыщІопхъуэж. УжьэІэзэ мэз мыцІыхум къызздыпхыкІыжым, ужьэм къелъагъу и шырыр зышхауэ щыта дыгъужьыр жыг къэуам щэІуу кІэщІэлъу. Абдеж УжьэІэзэ блэкІыну хуежьат, ауэ мо гу къабзэ, псэ хьэлэл зиІэм Дыкъуэжь кърегъэл, мыпхуэдэуи жреІэ:

- Уэ си шырыр пшхами... - адэкІэ къыхупымыщэу и нэпситІыр къожэх, ауэ дыгъужьым и Іэр къеІэт.

- Сэ уи шырыр сшхакъым...

- Сыт... Дауэ... - къызэфІозэрыхь ужьэр.

- Уи шырыр цІыкІущэти, си гугъар ин хъуа иужь сшхынурати, схуэшхыжакъым. Ар дэнэ къэна, сысейм хуэдэу спІащ.

- Дэнэ-тІэ си Дахэнэ здэщыІэр? - гуфІэщарэ и нэпситІыр къежэхыу УжьэІэзэ дыгъужьым йоупщІ.

- Псы къысхуихьыну кІуауэ къэтщ.

Арати, УжьэІэзэ и шырыр Дыкъуэжьым псы къыхуехьри къокІуэж. Дыгъужьым, нэхъыфІ хъужа нэужь, зэанэзэкъуэр я мэзым ешэж.

МыдэкІэ мыщэмрэ бажэмрэ зэрахьа лейр жьындум я мэзым и пащтыхь Аслъэным жреІэж. Аслъэн пщацэу захуагъэм и тельхьэм КІэлъэфрэ Лъэбыцэжьрэ гъэпцІагъэкІэ ирагъэщІа унэр къатрехыж. Къатрехыжри, тхьэмыщкІэ гупым ярет.

ЕгъэджакІуэхэм зэрызыщІагъакъуэ Іэмалхэм къыдыщІагъухэр

ШЭЧ хэмылъу, ди егъэджакІуэхэр хуэныкъуэт къэралым къыбгъэдэкІ апхуэдэ гулъытэ. Хъыбарыр псынщІэ дыдэу зэІэпахауэ щытми, иджы набдзэгубдзаплъэу дахэвгъаплъэ узыщыгугъ хъуну зэхъуэкІыныгъэхэм .

Президентым Іэ щыщІидза махуэм щегъэжьауэ къару егъуэт унафэм. Ауэ абы зи гугъу ищІ язныкъуэ щытыкІэхэм зыщихъуэжынур илъэс ныкъуэ хуэдиз дэкІа нэужьщ. МазихкІэ Правительствэм ЕгъэджакІуэм и удостоверенэм и жыпхъэр игъэхьэзырынущ, хабзэм зэхъуэкІыныгъэ хилъхьэнурэ, ахэр цІыхухэм зэралъэІэсыну гъуэгухэм елэжьынущ.

ХабзэщІэм егъэджакІуэр щытыкІэ щхьэхуэм ирегъэувэ, Іэщ1агъэм цІыхубэм дежкІэ и мыхьэнэр нэхъ лъагэу иІэту. Къэралым и пщэ делъхьэж дэтхэнэ зы гъэсакІуэми и къэухьым зригъэужьыну Іэмал иритыну, и хуитыныгъэм къыщхьэщыжыну, шэсыпІэ хэхахэмкІи къегъэгугъэ. УпщІэхэм я нэхъыбэр зэкІуэлІэж улахуэм и инагъым теухуауэ унафэщІэм зыри къыщыкІуэркъым, сыту жыпІэмэ, абы и инагъыр щІыналъэ къэс щхьэхуэу щаубзыху.

ЗэхъуэкІыныгъэ нэхъ ину къалъытэ илъэс 25-кІэ егъэджакІуэу лэжьа псоми «Лэжьыгъэм и ветеран» фІащыну къызэрыхалъхьар. Иджыри къэс а илъэс бжыгъэмкІэ улэжьауэ щытми, къэралым, Президентым е ЕгъэджэныгъэмкІэ министерствэм укъызэрыхигъэщ тыгъэ къыпхуамыгъэфэщамэ, а цІэ лъапІэр къуату щытакъым. Иджы Правительствэм ар зратыпхъэхэмрэ зэрыратыну щІыкІэмрэ епхауэ, хабзэр ихъуэжынущ.

Къинэмыщ1ауэ, дэфтэрым ипкъ иткІэ, егъэджакІуэхэр хуитщ:

- мазэм зэ е нэхъыбэрэ къэрал, щІыналъэ музейхэм пщІэншэу зыщаплъэхьыну;

- и лэжьыгъэм епха упщІэ къ

ІэпэІэсагъэм зрагъэубгъу

Налшык, ЩІалэгъуалэм я унэм и утым, бадзэуэгъуэм и 25 - 26 махуэхэм щекІуэкІащ иджырей гъуазджэхэмкІэ «АртЭль» гъэмахуэ фестиваль-жармыкІэр. Ар къызэригъэпэщащ Иджырей гъуазджэм и ІэпщІэлъапщІэхэмрэ ІэпэІэсэхэмрэ я гильдием. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ КИФЩІ-м и хэгъэгухэмрэ я ІэпщІэлъапщІэхэм я ІэрыкІ телъыджэхэр абы щагъэлъэгъуащ.

МАХУИТІЫМ къриубыдэу фестиваль-жармыкІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыщ дизайнер, сурэтыщІ, прикладной гъуазджэм и ІэпщІэлъапщІэ 50-м щІигъу. Ставрополь крайм, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш республикэхэм щыщхэм къашат хьэкъущыкъуэхэр, бзылъхугъэхэм зэрызагъэдахэ цІуугъэнэхэр, мывэ лъапІэм, дыжьыным, дыщэм къыхэщІыкІауэ, сумкэхэр, унагъуэм къыщагъэсэбэп, пэшхэр зэрагъэдахэ хьэпшыпхэр, фэилъхьэгъуэхэр, зыгуэрым узэрыхуэупсэн открыткэхэр, сабийхэм цыкІэ хузэІуаща зэрыджэгухэр, гуащэхэр, шхапІэ щхьэхуэхэм ягъэхьэзыр шхынигъуэхэм щыщхэр, кхъуей, дагъэ, морожнэ, псыІэфІ, Іэфі́ыкІэ лІэужьыгъуэхэр, нэгъуэщІхэри. Къинэмыщ1ауэ, абдеж сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ мастер-класс щхьэпэхэр къыщыхуэзрагъэпэщащ, сурэт щІыныкІэ, 3 D-мкІэ узэрылэжьэфынум, нэгъуэщІхэми теухуахэр. ЦІыкІухэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ яфІэхьэлэмэту абыхэм я зэфІэкІ щеплъыжащ.

«Живая картина», «Мозаика», нэгъуэщІ мастер-класхэр езыгъэкІуэкІ, лазерым ирилажьэ, мыпхуэдэ фестивалхэм илъэс еханэ хъуауэ хэт Лазаревэ Аннэ кьытхутепсэлъыхьащ сабийхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ яфІэгъэщІэгъуэну и дерсхэм зэрыхэтым, ящІ сурэтхэр удз гъэгъа гъэгъуахэмкІэ ягъэдахэурэ абджыпс рамэхэм зэрыралъхьэжым.

- Иужьрей зэманым мастер-классхэр къызызогъэпэщ, цІыхухэм сепсэлъэну, си ІэрыкІхэр зэрысщым щІэблэр хуэзгъэсэну сфІэфІщи, - жеІэ Аннэ. - Пэжщ, дэтхэнэ зы дерсри сабийм и ныбжьым, и зэфІэкІым, хэлъ шыІэныгъэм, гукъыдэжым теухуауэ щытын хуейщ. Мы Іуэхугъуэхэм нэхъ мащІэ дыдэу сабийр зы сыхьэтым къриубыдэу хэтын хуейщ, лэжьыгъэр и кІэм нигъэсын папщІэ. Іэпэ́Іэсагъэм зыщІишэу сыхьэтищым нэблагъэ щысыфи, нэхъ псынщІэу тезашэ ныбжьыщІэхэри щыІэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ дэтхэнэми я Іуэху бгъэдыхьэкІэр щхьэхуэщи, ахэр псори къэлъытапхъэщ.

Есэнтіыгу къикІащ пхъэщхьэмыщхьэ теплъэ зиІэ шэху уэздыгъэхэр зыгъэхьэзыр Балабановэ Аля. Ар илъэсих хъуауэ мы Іуэхум яужь итщ. Аля зэрыжиІэмкІэ, и сабийм кІэлъыплъу щыщыса зэманым мыбы дихьэхащ. Нобэ ар лэжьыгъэ, хьэрычэт цІыкІу хуэхъуащ икІи и Іэдакъэщ1экІхэм къэрал псом щІэупщІэ щаІэщ.

КъызэгъэпэщакІуэхэм ныбжьыщІэхэр сурэт щІыным щыхуагъасэ, гъуазджэм щыдрагъэхьэх дерсхэри зэхэтащ. Къинэмыщ1ауэ, гупыж зыщІ псори абдеж щыхагъэгъуэзащ пасэрей Іэщ1агъэ дахэм - уагъэ зэрызэІуащэм, бранычхэр, бгъэхэІухэр, сумкэхэр зэрацІалэм, нэгъуэщІхэми.

«Гупсысэ» брендым щІэту Тэнащ Лалинэрэ Бей ФатІимэрэ ягъэхьэзыр лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр зыщыгъ цІыхубзхэр, бгы уардэхэм я сурэт къызытещ, адыгэбзэкІэ тхыгъэхэр тету къыдагъэкІ открыткэхэр, конвертхэр, фэилъхьэгъуэхэр, сумкэхэр, саугъэт хьэпшып цІыкІуфэкІухэр гъэщІэгъуэнт. Къинэмыщ1ауэ, хъыджэбзхэм республикэм зыплъыхьакІуэ, зыгъэпсэхуакІуэ къакІуэхэм папщІэ ягъэхьэзыр ди щІыпІэ дахэхэм я сурэт зытет футболкэхэр.

- Мы псом щІэдзапІэ хуэхъуар ди диплом лэжьыгъэрщ. Іуэхум дыдихьэхауэ илъэсищым щІигъуауэ долажьэ. Ди Іэдакъэщ1экІхэм щІэупщІэ зэраІэм нэхъри дытрегъэгушхуэ, - жеІэ Лалинэ.

«Нити времени» брендым щІэт сумкэхэр илъэсибл хъуауэ Іэкіэ зыгъэхьэзыр зэанэзэпхъу Волочковэ Натальерэ Сысоевэ Юлэрэ я лэжьыгъэхэм удамыхьэхынкІэ, абыхэм я фІагъым гу лъымытэнкІэ Іэмал иІэкъым.

- Ди лэжьыгъэхэм зэи къытедгъэзэжыркъым. Сумкэхэр къызыхэтщІыкІыр псы зыщІэзымыф щэкІыфІщ. Я щІэбзэми догугъу. Ахэр бгъэкъэбзэн хуей щыхъукІи, тынш дыдэщ. ЩІэупщІэ зиІэ лъэпкъ тхыпхъэхэр абыхэм яхыдоухуанэ, - жеІэ Юлэ. - Иужь зэманым сумкэхэм я теплъэхэр Іэрыщ1 интеллектыр къэдгъэсэбэпурэ догъэхьэзыр. Іэпщ1элъапщІэ куэдым мы унэтІыныгъэм зратами, ди лэжьыгъэхэм я щІэупщІэм зэран хуэхъуауэ зыхэтщІэркъым, ди Іэрыкіхэм зэщхьу тІу яхэткъым. Апхуэдэ хьэпшыпхэр зыфІэфІхэр сыт щыгъуи щыІэщ. Бзылъхугъэхэм ди сумкэхэр щІаІэщ1эмыужагъуэм и щэху нэхъыщхьэр сыт щыгъуи щІэупщІэ зиІэ классикэм дызэрытетырщ. Ди хьэпшыпхэр махуэ хъэси къэбгъэсэбэп, гуфІэгъуэ зэхьхьэхэми урикІуэ мэхъу.

ЯтІэ гъэжьам къыхэщІыкІа хьэкъущыкъу дахэхэр зыгъэхьэзыр, «Незабудка» лъэщапІэр илъэситхум щІигъуауэ зыгъэлажьэ Елкъэн Лянэ къытхутепсэлъыхьащ мы Іэщ1агъэм зэрыдихьэха хъуам, я Іэрыкіхэм щІэупщІэ ин зэраІэм, балигъэми сабийхэми папщІэ, цІыху гупхэм е щхьэхуэхэм щхьэкІэ мастер-класхэр зэрыригъэкІуэкІм. ЯтІэ гъэжьам къыхэщІыкІа, шей, кофе узэрефэ кумбыгъэхэмрэ шейщІэтхэмрэ нэхъри щІэщыгъуэ щІащыхъур, жармыкІэм къекІуалІэхэм ахэр щІащэхум и зы щхьэусыгъуэр абыхэм адыгэбзэкІэ тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр зэрытетхарщ.

Иджыпсту зи узыншагъэм кІэлъыплъыжхэм къагъэсэбэп, гхи (щэ гъэвэжам) дагъэ лІэужьыгъуэм хуэдэ щагъэхьэзыр Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэ Софие и гугъу къытхуищІащ сэхуран, нэгъуэщІ дагъэ лІэужьыгъуэхэм ар къаззрыщхьэщыкІ фІагъхэм. Псом хуэмыдэу абы гу лъыдигъэтащ аллергие зиІэхэм мы дагъэр фІыуэ зэрезэгъым.

- Иужьрей зэманым къызэдгъэпэщ фестиваль-жармыкІэхэм щыболъагъу пасэрей Іэщ1агъэхэр къызэрагъэщІэрэщІэжьымрэ Іэпщ1элъапщІэхэм я Іэрыкіхэм лъэпкъ дамыгъэхэмрэ тхыпхъэхэмрэ куэду зэрыхаухуанэмрэ, - жиІащ къызэгъэпэщакІуэхэм ящыщ зы, КъБР-м и Іэпщ1элъапщІэхэм я гильдием и советым хэт Гербоковэ Иринэ. - Ар тхыдэм и хабзэщ. Хуейхуэмейми, цІыхухэм я щІэдзапІэмкІэ ягъэзэж. Иджыпсту апхуэдэ хьэпшыпхэм щІэупщІэшхуэ яІэщ. Машинэхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ я зэманым, Іэкіэ ящІ хьэпшыпхэр зэрылъапІэм нэхъри хохъуэ. Апхуэдэ гъуазджэм нэхъри зедгъэубгъуныращ ди кьалэныр. Зэхьхьэр абыкІэ сэбэпышхуэщ.

Фестивалыр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыІакІуэхэмрэ къэфакІуэхэмрэ икІи зыкърезыгъэхьэлІа балигъи сабии абыхэм я нэгу зрагъэужьащ.

Мыпхуэдэ зэхьхьэхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ ди республикэм къыщыщІагъэкІ, псом хуэмыдэу Іэкіэ ящІ хьэпшыпхэмрэ шхыныгъуэхэмрэ яІэ щІэупщІэм хэгъэхъуэнымкІэ, Іэпщ1элъапщІэхэм ядэІэпыкъунымкІэ, щэнхабзэ щІэинхэр хъумэнымрэ лъэпкъ хабзэхэм зегъэужьынымкІэ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Іуащхьэмахуэ зи хъумакІуэ дахагъэ

Гъуэгуанэ утехьэнымкІэ гъэмахуэр зэманыфІщ: щІыуэпсым нэр ехьэху, махуэхэр кІыхьщ, псыи бгыи зэщІэбгъэхьэну ухунэсынущ. Пэжыр жыпІэмэ, гъэмахуэм гукъыдэжри нэгъуэщІщ - щІыпІэщІэ гуэр плъагъуну ухуегъэпабгъэ.

Зи гугъу фхуэтщІыну щІыпІэр цІыхухэм гъэм и сыт хуэдэ зэманми я кІуапІэщ, и теплъэр щІэщыгъуэу зэрихъуэжым къыхэкІыу. Ар Іуащхьэмахуэ и ищхъэрэ лъапэм зыщызыубгъуа, Кавказ Ищхъэрэ псом и щІыпІэ нэхъ удэзыхьэхэм ящыщу къалъытэ Джилы-Сущ - бгы телъыджэхэмрэ псыкъелъэ уэрхэмрэ я щІыналъэрщ. Абы кІуэ гъуэгур Урысейм щынэхъ дахэ дыдэхэм ящыщу къалъытэ.

Иджыблагъэ дэри а щІыпІэ дахэр зэдгъэлъэгъуащ. Гъуэгум уздрижэм, уафэри нэхъ гъунэгъу къэхъуу къыпщыхъуу, хьэуам и къабзагъэми зыщумыгъэнщІу урокІуэ. ЩІыпІэм и фІэщыгъэр «псы хуабэу» зэрадзэкІ, ар къызытекІар абдеж щІы щІагъым къыщыщІэж псынэхэр, махуэр щыщІыІэтыІэми, хуабэу зэрыщытырщ.

Джилы-Су хуэкІуэ гъуэгур нашэкъашэщ, къурш щхьэдэхыпІэхэм кІуэцІрокІ. Гъуэгум уи гур хэзыгъахъуэ теплъэхэр къызэІуехри, сыкъэувыІэу щыму сыхэплъарэт, жыуегъэІэ зэпымыууэ. ХъупІэ гъунэншэхэм, пшэхэм хэкІуадэ щыгухэм уатхьэкъу. Нэхъ телъыджэращи, уи япэ итми, къыбгъурыту фІэкІа умыщІэну къыбдогъуэгурыкІуэ а щІыпІэм и хъумакІуэ нэхъыщхьэр - Іуащхьэмахуэ бгыр. Ар уардэщ, нэхъ инуи мыбдеж къыщыболъагъу.

Мы щІыпІэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкІым и гугъу пщІымэ, абыхэм ящыщщ бгым ихьэж гъуэгум асфальт зэрытелъыр.

Гъуэгуанэм зыплъыхьыпІэ зэгъэпэщахэр щымащІэкъым, псом дежи уи сурэтым итынур, шэч хэмылъу, Іуащхьэмахуэщ. Апхуэдэщ япэ къэувыІэпІэр - Шэджэтмэз тафэр. Мыбдежым Іуащхьэмахуэ псом хуэмыдэу уардэу щыболъагъу, шытххэм дахащэу къащхьэщыту. Тафэм тетщ сурэт щызытрагъэхыу цІэрыІуэ хъуа, «Насыпыр жыжьэкъым, ар къуршым щыІэщ» псалъэхэр зытет пхъэ тетІысхьэпІэ къызэрыгуэкІыр. Сурэт зытебгъэхынракъым Іуэхур: пэж дыдэуи абдеж ущыщыскІэ гуныкъуэгъуэу къытщыхъухэм мыхьэнэ ямыІэу, насыпыфІэу зыкъыщыпщохъуж.

Адэкіи гъуэгур нэгузыужьщ. Зэм къуршыпс псынщІэм уІуплъэнущ, зэми зэуэ щхъуантІагъэм къыхэлыдыкІынущ Іуащхьэмахуэ и «пыІэ» хужьыбзэр. Гъуэгубгъухэм шы гуартэхэр щохъуакІуэ, жэм хъушэхэр мыпІащІэу гъуэгум зэпрокІ.

А гъуэгур адрейхэм къазэрыщхьэщыкІыр абы зэпымыууэ уи гукъыдэжыр зэрихъуэжырщ. Зэм пфІэтелъыджэу псоми уоплъ, зэми щыму уогупсысэ. ЩІыуэпсми зыкъыбдещІ: жьауапІэ зыщхьэщыт къуэладжэхэм ухокІри, джабэ зэІухахэм удохьэ. Зэм ихъуреягъкІэ къыр ткІийщ, тІэкІу дэкІмэ - удз гъэгъахэр зыуфэбгъуа губгъуэшхуэщ.

Джилы-Су и Іэхэлъахэм ущрохьэлІэ «Аватар» къыррхэм. ФІэщыгъэр къызытекІар Кэмерон Джеймс и «Аватар» фильмым къыщыгъэлъэгъуа Пандорэ къырым зэрырагъэщхьырщ. Псом хуэмыдэу щыпшагъуэм деж абы и теплъэр нэхъ гъэщІэгъуэну къалъытэ: къырхэм щІэгъэкъуэн ямыІэу, уэгум ит хуэдэу. Абдеж метр 70-м нэблагъэ зи лъагагъ къуэладжэм лъэмыж кІэрыщІащ, урикІуэ хъуну. Нэхъ хахуэхэм «Уафэ къыринэм» зыщыщаупскІэ - щыхупІэм щхьэщытщ.

ЩІыпІэм жумэрэну щыплъагъур мащІэкъым: ахэр я гъуэхэм ис зэпыткъым, цІыхухэм къыхуаший хадэхэкІхэм апхуэдизкІэ есащи, къыббгъэдолъадэ. Къуршхэм абыхэм зыщахэгъэрей, уэ урахьэщІэ хуэдэщ.

ЩІыуэпсым и телъыджэ псори мы зы щІыпІэм щызэхуэхьэса хуэдэщ. Джилы-Су-р зэрыцІэрыІуэ дыдэр и нартсанэ къыщІэжьыпІэхэрщ. Ахэр пщыкІуплІым нос, дэтхэнэми езым и хущхъуэгъуэ, хуабагъ, уеблэмэ и Іэфіагъ иІэжщ. Псыр куэд щІауэ хущхъуэу къалъытэ, шхыныр гъэткІунымкІэ, Іэпкълъэпкъыр къарукІэ гъэнщІынымкІэ. КъыщІэжьпІэхэм деж къагъэІэрыхуауэ псым зыхэббгъэмбрыуэнуи ухуитщ. ЦІыхухъухэмрэ цІыхубзхэмрэ зыщагъэпэскІынур щхьэхуэу гъэбелджылащ. ЩІыпІэм щыпсэухэм я фІэщ мэхъу а псыхэм Іэпкълъэпкъым и мызакъуэу, псэри игъэхъужу, зыгъэгузавэмрэ ешымрэ ящхьэщихыу.

Джилы-Су-м и псыкъелъэхэм макъамэ къагъэІу хуэдэщ, апхуэдизкІэ ахэр лъагэу, къару щІэлъу, уэру къохуэхри. Узыгъэундэращхъуэ гъуагъуэ макъ щІэтщ метр 40 и лъагагъыу къелъэ «СулътІаным». ТІэкІу нэхъ жыжьэу зыщегъэпщкІу псыр зыпхыкІ къуршылъэхэм я зэранкІэ морафэгъуэжьыфэу къелъэ «Каракая-Су» псыкъелъэм. Аращ зи уэрагъкІэ нэхъ лъэщ дыдэу къагъэлъагъуэр. «Каракая-Сум» убгъэдэмыхьэ щІыкІи, жыжьэу уолъагъу абы и лъэрызехьагъэр. Дэ дыщыІухьам, дунейр дыгъэпсти, къурш джабэхэм тепщІыпщІыкІ псыр зэм мэзыш (янтарь) плъыфэу къэлыду, зэми щІы щхьэфэм лэгъупыкъур теджэгукІыу тлъагъуну ди насып къихьащ.

ЩІыпІэр зэрытелъыджэхэм ящыщщ быдапІэхэм я аузыр. Мыбдеж къырхэр мывэ щІэсэм ебгъэщхьыну гъэщІэгъуэну щызэхэтщ. Зэманымрэ жьыбгъэмрэ абыхэм я къуапэхэр жан икІи папцІэ ящІащи, «благъуэм и дзэ» фІащащ. А мывэ абрагъуэхэр къыщыпщхьэщыткІэ, пэж дыдэу зы хъыбар гуэрым е фильмым лІыхъужьу укъыхэхутауэ къыпфІэщІынри хэлъщ.

Джилы-Су зэрыдахэм и мызакъуэу, и хьэуари нэгъуэщІщ. Абдеж зэманыр нэгъуэщІу кІуэ хуэдэщ - нэхъ хуэму. ЛъагапІэм, хьэуа къабзэм, даущыншагъэм хуиту уагъэгупсысэ. Апхуэдэуи щІыпІэм и фІагъ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыщІэкІынщ абдеж телефоныр къызэрыщимыубыдыр, щІыуэпсым утемыплъэкъукІыу зыщыбгъэпсэхунымкІэ ар мыхьэнэ зиІэщ. Ауэ гъуэгуанэм и нэхъыбэм зэпыщІэнигъэ зэрыщымыІэм нэгъуэщІ лъэныкъуи иІэщ: узэрыс машинэм зыгуэр къыщыщІмэ, абыи гугъуехь ухигъэтынущ. Ауэ дэ гу зэрылъыттащи, апхуэдэхэм деж зы цІыхуи блэкІыркъым, Іуэху къызыккъуэкІам дэмыІэпыкъуу. Псалъэм папщІэ, дызышам тІэу кьигъэувыІэурэ зи машинэ къутахэм ядэІэпыкъуащ. Къуршхэм дунейм и щытыкІэм зы дакъикъэм зыщехъуэжьыф: гъэмахуэми абы зэуэ щІыІэ щыхъункІэ е упэмыплъауэ асыхьэту уэшх къыщешхынкІэ хъунущ.

Илъэс къэс мы щІыпІэм цІыху нэхъыбэ къокІуэ, абы къыхэкІыу икъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ щІыуэпсым лІэщІыгъуэкІэрэ къигъэщІам зэран хуэмыхъуным, пхъэнкІий идзыпІэ ямыщІыным, удз гъуэтыгъуейхэм хуэсакъыным. Абыкіэ дэтхэнэми жэуап и пщэ дилъхьэжыпхъэу къыщІэкІынщ. ЩІыналъэ унафэщІхэмрэ волонтёрхэмрэ хущІокъу хабзэр зэрахъумэным: кІэрыхубжьэрыхур зэщІакъуэ, увыІэпІэхэр зэрагъэпэщ, зыгъэпсэхуакІуэхэр щІыуэпсым зэран хуэмыхъуным кІэлъоплъ. Шэч зыхэмылъращи, Джилы-Су дуней дахэм и зы Іыхьэщ. Зэгуэрым мы щІыпІэм щыІам Іэмал имыІэу тригъэзэну хуеинущ.

Тхыгъэри сурэтхэри **БАГЪЭТЫР Луизэ** *ейщ.*

Хэт къэзыгъэувыІэнур Тэрч къэукъубияр?

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу джэгугъуитІым «Тэрчым» и хьэрхуэрэгъуэхэм топ 22-рэ (!) щахудигъэкІащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщІидзэрэ «Бедик»-мрэ «Черкес»-мрэ апхуэдизрэ къыхэжаныкІыфакъым.

ЯПЭЩІЫКІЭ джылахъстэнейхэм топ пщыкІущ дагъэкІащ зыхуеблэгъа Яныкъуей къуажэм и футболистхэм я гъуэм. Жэуапу къратыжыфар зы закъуэщ. Тхьэмахуэ дэкІри, чемпионыгъэр зыІэщІэлъ Алътуд и «Искра»-м бгъуэнейрэ и жагъуэ ищІащ. Зи цІэр зэрихьэ Тэрч псым хуэдэу ар къызэрыкъубиям шэч хэлъкъым. А зэІущІитІым пщыкІузрэ (!) къыщыхэжаныкІащ Іэщын Аслъэн.

Дызыхуэкіуэ щэбэтым къызэтригъэувыІэфыну тэрчдэсхэр кІэщІу къыкІэлъеІэ «Логоваз»-м? А упщІэм и жэуапыр куэдым яфІэхьэлэмэтщ. Фигу къэдгъэкІыжынщи, мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэ закъуэщ къызэрыхагъэщІар бабугентдэсхэр икІи ар къыщыхъуар Тэрч къалэрщ. Иджы Шэрэдж щІыналъэм щызэпэщІэувэнущ. Шэч хэлъкъым икъукІэ удэзыхьэх зэныкъуэкъуныгъэ ар зэрыхъунум икІи чемпионыгъэр зылъысынур зыкъомкІэ абы зэриубзыхунум.

Тхьэмахуэ кІуам зэхьэзэхуэм япэ текІуэныгъэр щызыІэригъэхьащ «7 Вершин-Шалушка»-м. Ар бжыгъэшхуэкІэ ефІэкІащ я гъунэгъу яныкъуейдэсхэм.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщиІыгъщ Мокаев Таулан. «Логоваз»-м и пашэр мы гъэм 21-рэ къыхэжаныкІащ. Абы къыкІэлъокІуэ «Малка»-м щыджэгу Умар Азэмэт.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ 2026 гъэм и гъэмахуэ зэхьэзэхуэм и зи чэзу зэІущІэхэм къарикІуа бжыгъэхэм иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ: *епщыкІущанэ джэгугъуэ* - «**Искра**» (Алътуд) - «**Урыху**» (Урыху) - **4:3**, «**Яникой-1961**» (Яныкъуей) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:13**, «**Малка**» (Малкэ) - «**7 Вершин-Шалушка**» (Щхьэлыкъуэ) - **4:1**, «**Псыкуэд-Марвил**» (Псыкуэд) - «**Черкес**» (Шэджэм) - **2:4**, «**Логоваз**» (Бабугент) - «**Бедик**» (Аргудан) - **5:2**, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **1:4**; *епщыкІуплІанэ джэгугъуэ* - «**7 Вершин-Шалушка**» - «**Яникой-1961**» - **3:0**, «**Бедик**» - «**Псыкуэд-Марвил**» - **4:1**, «**Черкес**» - «**Спартак-Д**» - **3:4**, «**Ислъэмей**» - «**Малка**» - **4:1**, «**Тэрч**» - «**Искра**» - **9:0**, «**Урыху**» - «**Логоваз**» - **1:3**.

Дызыхуэкіуэ щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ зи чэзу джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэхэм зэІущІэн хуейщ: *шыщхьэуІум и 1-м* - «**Логоваз**» - «**Тэрч**»; *шыщхьэуІум и 2-м* - «**Яникой-1961**» - «**Ислъэмей**», «**Бедик**» - «**Черкес**», «**Псыкуэд-Марвил**» - «**Урыху**», «**Искра**» - «**7 Вершин-Шалушка**», «**Малка**» - «**Спартак-Д**» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2026 гъэм гъэмахуэ зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Логоваз»	14	13	0	1	47-14	39
2. «Тэрч»	13	12	0	1	70-8	36
3. «Малка»	13	10	0	3	41-19	30
4. «Ислъэмей»	14	9	1	4	45-17	28
5. «Спартак-Д»	14	9	1	4	44-24	28
6. «Урыху»	14	7	0	7	38-31	21
7. «Яникой-1961»	14	5	1	8	25-69	16
8. «Искра»	13	5	0	8	40-39	15
9. «Псыкуэд-Марвил»	14	2	2	10	25-58	8
10. «Бедик»	13	2	1	10	21-49	7
11. «Черкес»	14	2	1	11	19-56	7
12. «7 Вершин-Шалушка»	14	1	3	10	26-57	6

Хабзэм ебэкъуат ныбжьыщІэхэр

Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КъБР-м щыІэ Бэдракъ Іэминэ зыщиплъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ УФСИН-м и следственнэ изолятор №1-м.

ЩІЫНАЛЪЭ ІэнатІэм и унафэщІ Демидов Александррэ УИС-м цІыхум и хуитыныгъэхэр щагъэзэщІэнымкІэ абы и дэІэпыкъуэгъу Текаевэ Ритэрэ ящІыгъуу, уполномоченнэм къызэхикІухьащ унэр, балигъ мыхъуауэ хабзэр къызэпызыудахэр щаІыгъ пэшхэр.

Бэдракъ Іэминэ гулъытэ хэха хуищІащ ахэр зыхуейзыхуэфІхэмкІэ къызэрызэгъэпэщам - зыщІэсхэр къабзагъэм, хуабагъэ-щІыІагъэм, къэгъэнэхуным епха мардэхэм. Зыщигъэгъуэзащ я Іыхьлыхэм яхуэзэнымкІэ яІэ хуитыныгъэр къызэрагъэсэбэпым, я Іуэху зыІутым. Ар епсэлъащ балигъ мыхъуахэм.

Демидов Александррэ Бэдракъ Іэминэрэ изоляторым щаІыгъхэм гурагъэІуащ я хуитыныгъэхэмрэ я къалэнхэмрэ, апхуэдэуи жраІащ хабзэхъумэ ІэнатІэхэм зэрызыхуагъэзэну Іэмалхэр. .

- Мыпхуэдэ зэІущІэхэр сэбэпщ къызэрымыкІуэ щытыкІэ ихуа ныбжьыщІэхэм лей къатемыхьэным зыхуэфащэ ІэнатІэхэм я нэІэ зэрытрагъэтыр зыхащІэнымкІэ, - жиІащ уполномоченнэм.

Я зэхуэзэм кърикІуахэмкІэ лъэныкъуэхэм яубзыхуащ шэч зыхуащІ, ягъэкъуаншэ е суд зытращІыхьа балигъ мыхъуахэм ядэлэжьэныр адэкІи егъэфІэкІуэным теухуа Іуэхуэр.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.





Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ**, **Къумахуэ Аслъэн**, **НэщІэпыджэ Замирэ**, **Чэрим Марианнэ**, **ЩхьэщэмыщІ Изэ**.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехъхэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

Къыдэзыгъэкіхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.073
Заказыр №1583

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.)*.

Компьютеркіэ газетым и теплъэр ящІащ **Дол Маринэ**, **Щомахуэ Марианнэ**.

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтіыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.